ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№45 (23.859) ● 2019 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 20, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Кравцов Сергей шэч къытрихьэркъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ К. В. Правительствэм и Унэм вэсэмахуэ щыIущащ Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ IэнатIэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщI Кравцов С. С.

ЗЫТЕПСЭЛЪЫХьА Iуэхугъуэхэм я нэхъыщхьэу щытар Зыуэ щыт къэрал экзаменыр мы гъэм егъэкIуэкIыным, ахэр зэIухауэ, нэфI-ней хэмылъу къызэгъэпэщыным пыщIахэрщ.

Мыхьэнэшхуэ иIэщ, къыщыхагъэщащ зэIущIэм, экзаменыр хабзэм тету, техникэ и лъэныкъуэкIи ныкъуасныгъэншэу егъэкIуэкIыным. А къалэнышхуэм пэлъэщын папщIэ республикэм мы зэманым зыхуэфащэ Iуэхуэхэр щызэфIагъэкI: къэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкIыну щIыпIэхэр яубзыхуакIэщ, ахэр зыхуэй-зыхуэфIхэмкIэ кьызэгъэпэщыным, видеокIэльыплъынымгъэм и Iэмалхэр къэгъэсэбэпыным пыщIа Iуэхуэхэр зэфIагъэхьэ, экзаменым щIагъэхьэн папщIэ яIыгъын хуей дэфтэрхэр ягъэхьэзыр, курыт еджапIэр къэзыухъэмрэ абыхъм я адэ-анэхэмрэ йопсэльыIэ, лэжьыгъэр зэрекIуэкIыну щыкIэхэр гурагъаIуэу.

Кравцов Сергей къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэрал къэпщытэныгъэр зэпэщу зэрыщекIуэкIынум шэч къызэрытримыхьэр.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхуущ Iапи Iэ.

Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ IэнатIэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщIым Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэпщытэныгъэхэм хуэхьэзыру къелъытэ

Махуэку кIуам Налшык щызэхэтащ КЪБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ К. В., Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ IэнатIэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщI Кравцов С. С. сымэ зыхэта республикэ зэIущIэ. Ар теухуауэ щыташ Зыуэ щыт къэрал экзаменыр егъэкIуэкIыным Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыхуэфащэ Iуэхуущ Iапи Iэхэр зэрыхуэхьэщи щIыкIэм.

КIУЭКIУЭ Казбекрэ Кравцов Сергейрэ Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ IэнатIэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и лыкIуэхэу ягъэкIуэкIа щIагъэлIхэмрэ фIыщIэ яхуищIащ экзаменыр егъэкIуэкIыным сыт щыгъуи гулъытэшхуэ зэрыхуащIым папщIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм къыгъуэващ кIэух аттестацэр абыхъм ехьэлIауэ щыIэ мардэхэм тету, зэIухауэ, нэфI-ней хамылъхьэу къызэрагъэпэщыну.

ЕГЭ-м къыкIуэхэм, кьыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек, нэIуэ кьащIынущ егъэджэныгъэм гулъытэ нэхъыбэ зыхуэщIыпхъэу иIэ щIыпIэхэр икIи республикэм и школхэм защIэгъэкъуэным теухуа программэми лъабжьэ хуэхъунущ: «Дэ ди мурадщ Зыуэ щыт къэрал экзаменым кьрикIуахэр зэпэтIыльтыжыну, еджакIуэхэм ягъуэт щIэныгъэм дяпэкIэ хэдгъэхъуэну щIэхъеIэ, а Iуэхум зэдгъэзэжьыпхъэу хэлъхэр нэIуэ яхуэхъунущ: «Дэ ди мурадщ Зыуэ щыт къэрал экзаменым кьрикIуахэр зэпэтIыльтыжыну, еджакIуэхэм ягъуэт щIэныгъэм дяпэкIэ хэдгъэхъуэну щIэхъеIэ, а Iуэхум зэдгъэзэжьыпхъэу хэлъхэр нэIуэ яхуэхъунущ: щIыпIэхэр зыхуэфащэ унафэ тэмэмхэри къэтщтэн папщIэ. Муниципальнэ зэгучъэныгъэхэм я Iэтащхьэхэм захуэгъэазэ абы теухуауэ ныбжьыщIэхэм я адэ-анэхэм епсэльыIэну. Пэрэ дызэдевгъэгугъу еджапIэхэр къэзыухъэр щыдмыгъэуэным, щыIэ хабзэхэр, мардэхэр къыхэпаудыным ахэр едмыгъэувэлIэным».

«Рособрнадзор»-м и унафэщI Кравцов Сергей Къэбэрдей-Балъкъэрыр 2019 гъэ ЕГЭ-м хуэхьэзыру кьилъытащ: «УпщIэ зыри къыхэкIыркъым, дэтхэнэри хабзэм тетмэ, егъэджэныгъэм и фIагъым хэхъуэмэ, сабийхэмрэ абыхъм я адэ-анэхэмрэ псори зауэгъэм зэрытетыр, псоми зэхуэдэ Iэмалхэр зэрагъэкIуагурыIуэмэ. Абы къегъэлъагъуэ дэ тщынщ дэтхэнэ зыми, щIыпIэхэм щыIэ къызэгъэпэщакIуэхэм, техникэ IэщагъэлIхэм, жэуаплныгъэу тхэлъыр зыхуэдизыр. Къэпщытэныгъэм зыхуэгъэхьэзыщынкьэ нахьыгъэм и 14-м и пэ къьхуэу зэфIэгъэкIын хуейщ. Дэ республикэм щIэгъэкъуэн зыхуэхъунущ зыхуэныкъуэ методикэ, къызэгъэпэщынныгъэ Iуэху я лъэныкъуэкIэ».

ЗэIущIэм къыщыхалъхьа Iуэхуэхэм теухуауэ абы къыщыпсэльащ Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ IэнатIэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Музаев А. А., Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ IэнатIэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм къэрал кIэух аттестацэр къызэгъэпэщынымрэ ар егъэкIуэкIынымкIэ и управленэм и унафэщI Круглинский И. К., КЪР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министр Къумыкъу I. М. сымэ.

Зыуэ щыт къэрал экзаменыр мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щатынущ школхэм я еджакIуэ 4800-м щIигъэм.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхуущ Iапи Iэ.

КЪБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ УФ-м Кавказ Ищхьэрэм и Iуэхуэмкlэ и министерствэм и коллегием 2018 гъэм зэфIагъэкIахэмрэ 2019 гъэм къапэщытхэмрэ ятеухуауэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм

КЪБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ УФ-м Кавказ Ищхьэрэм и Iуэхуэмкlэ и министерствэм 2018 гъэм зэфIагъэкIахэмрэ 2019 гъэм къапэщытхэм ятеухуауэ мэлыжьыхьым и 18-м ЕсэнтIыгу щызэхиша зэхуэсышхуэм.

ЗэIущIэр къызэIуихри, абы къыщыпсэльащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Мутко Виталий. Вице-премьерыр къытеувыIащ КИФЦIи-м хьхьэ щIыналъэхэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ я Iуэху зыIутхэм. ЩIыналъэм хьхьэ хэгъэгухэм цIыхуу кьыщалъхьум щызэхэтыу зэпыту зэрекIуэкIыр, лIэхэр нэхъ мащIэу, кьалъхухэр нэхъыбэу зэрыщытыр, апхуэдэуи цIыхухэр нэхъыбэрэ псэу зэрыхъуар кьыхихигъащ, зызыужьа къэралхэм щыIэ мардэм абы и лъэныкъуэкIэ зэрынэсари жиIащ. Абы къыдэкIуэуи, къыльыкъущIэм кьыхихигъащ сабийуэ дунейм ехьижхэм я бжыгъэмкIэ Кавказ Ищхьэрэм Урысейм бжыпэр зэрыщIыгъыр, иужьрей илъэсхэм ар нэхъ мащIэ хъуами.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Матовников Александр кьыхихигъащащ министерствэмрэ Полпредствэм и Аппаратымрэ зэрызэдэлажьэм къэралым и УнафэщIымрэ Правительствэмрэ кьагъэув къалэнхэр псынщIэу гъэзэщIэнымкIэ Iэмал кьызэриттыр.

2018 гъэм щIыналъэм и социально-экономикэ IэнатIэхэм зэрызаужьам теуху бжыгъэхэм кьызэрагъэльагъуэмкIэ, промышленностым кьыщIигъэкIэм, мылъку нэхъыщхьэм инвестицэу кьыхалъхьэм хохьэу, лэжьапIэнщэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ мэхъу.

А псом кьадэкIуэу, абы и лъэныкъуэкIэ Iуэху пыухыкIахэр зэрызэрагъэзэкIым щхьэкIи къэмынэу, щIыналъэм щыпсэуэхэм я улахуэхэр къэрал псом щынэхъ мащIэ дыдэщ, лэжьапIэнщэхэм я бжыгъэр щынэхъыбэ дыдэщ, зи Iэщагъэм хэзыщыкI IэщагъэлIхэри хуабжьу кьащIомэщIэкI.

Матовниковым зэрыжиIамкIэ, министерствэмрэ властым и щIыналъэ органэмрэ я гулъытэ нэхъыщхьэр зыхуэгъэзауэ щытыпхъэр а гугъуехьэхрщ.

2018 гъэм зрагъэхъуIапIэхэмрэ дызэрыт илъэсым къапэщыт къалэнхэмрэ ятеухуауэ а зэхуэсым кьыщыпсэльащ Урысейм Кавказ Ищхьэрэм и Iуэхуэхэмкlэ и министр Чеботарёв Сергей. Унафэщым жиIащ КИФЦIи-м зегъэужьыным хэгъэпса къэрал программэм мы зэманым ирихьэлIэу инвестицэ проект 22-рэ зэрызагъэхьар. 2019 гъэм къалэн нэхъыщхьэу щытыр зыужьыным хэгъэжьэ урысей институт псори, банк IэнатIэри, нэгъуэщI къэралхэм щыщу щIыналъэм зи мылъку кьыхэзыIупхъэну хуейхэри Iуэхум нэхъ жьыдэру кьыхэшэнырщ. Нэхъапэ игъэщIупхъэхэм ящыщу къонэ мэкъумэш, туризм IэнатIэхэм, зыщагъэхъуж-зыщагъэпсэху Iуэхуэщапlэхэм зегъэужьыныр.

ЗэIущIэм хэтащ Урысейм и Президентым и Администрацэм, федеральнэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лыкIуэхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и советым хэтхэр.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхуущ Iапи Iэ.

«1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуэ щыхъуахэмрэ абы хэтахэмрэ, апхуэдэу хэкIуэда зауэлIхэм я щхьэгъусэхэм гъэ къэс ират ахъшэм и Iуэхуэ» 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм кьыдигъэкIа Указ №964-УГ-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуэ щыхъуахэмрэ абы хэтахэмрэ, апхуэдэу хэкIуэда зауэлIхэм я щхьэгъусэхэм гъэ къэс ират ахъшэм и Iуэхукlэ» 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм кьыдигъэкIа Указ №64-УГ-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн икIи абы и пункт 1-м хэт «сом мин 30» псалъэхэр зэхъуэкIын «сом мин 40» жиIэу.

2. Мы Указым кьару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм мэлыжьыхьым и 18-м
№29-УГ

● Хъуэхъуэр

Куэдрэ тхуэлажьэ, тхуэпсэу!

Ацкъан Руслан. *1971 гъэ*

Адыгейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм кьыбгъэдэкIыу, шынэхъыщIэ, дынохъуэхъу уи илъэс 70 дахэмкIэ.

Уэ ущIалэ дыдэу адыгэ литературэм укъыхьхьащ, икIи тхылъ 20-м щIигъу кьыдэбгъэкIащ. Уи Iэдакъэщ Iэкlхэм Адыгейм щыпсэу тхылъеджэхэри фIыуэ щыгъуазэщ, уи лэжьыгъэр кьалъытэ, уи щIэм ирогушхуэ. Уэ пхуэфащэ дыдэу кьэблэжьащ КЪР-м, КЪШР-м я цIыхубэ усакIуэ цIэ лъапIэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр.

Псом хуэмыдэу си гуапэщ усыгъэм и жанр нэхъ гугъуэхэм ящыщу кьалъытэ сонетым уэзрыхуэIэзэр. Уэ философие куу зыщIэлъ сонету 300-м нэблагъэ птхащ. Адрей уи тхыгъэ гъуэзэджэхэм кьадэкIуэу, уи сонетхэр адыгэ литературэм зыужьыныгъэ езыгъэгъуэтахэм ящыщщ.

Ди гуапэщ, дяпэкIи уи кьалэм мыубзэщхъуу, гъащIэм хуиIэ гукъыдэжьым хэхъуэу тхылъеджэхэр, уи творчествэр фIыуэ зыльагъу ди лъэпкъэгъуэр бгъэтгуфIэу, уи тхыгъэ купщIафIэхэм яхуэфащэ пщIэ ягъуэту иджыри куэдрэ упсэуну!

МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ,
СССР-м, УФ-м я Къэрал саугъэтэхэм я лауреат, АР-м, КЪР-м, КЪШР-м я цIыхубэ тхакIуэ, Адыгейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ. Мейкъуапэ.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 20, *щэбэт*

♦**Секретарым и дунейпсо махуэщ**
♦**Циркым и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм щагъэлъапIэ Лъы зытым и махуэр**
♦**Китаибзэм и махуэщ**. 2010 гъэм нгъэуваУ къэралым щагъэлъапIэ.
♦**1656 гъэм** Урысейм дыжьын ахъшэ жьгъейхэм я пIэмкIэ гъуэлIэм кьыхэщыкIахэр хэущекъащ.
♦**1843 гъэм** Урысейм къэрал мылъкымкIэ и министерствэм унафэ кьыдигъэкIащ мэкъумэшыщIэхэр Сыбырым гъэIэпхъуэным теухуауэ, а щIыналъэм зегъэужьын мурадкIэ. А щIыпIэм кIуэным тегушхуэхэм мылъкукIэ, псэупIэкIэ къэралым защIигъакъуэрт.
♦**1902 гъэм** Кюри зэщхьэгъусэхэу Мариерэ Пьеррэ радий элементыр ягъэувэтащ.
♦**1922 гъэм** Куржы ССР-м хэту кьызэрагъэпэщащ Осетие Ипщэ автономнэ областыр, Цхинвали и къалэщхьэу.
♦**1924 гъэм** Тырку Республикэм и Конституцэр кьащтащ.
♦**1937 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Прохладнэ станицэр къалэ хъуащ.
♦**1958 гъэм** Тэтэрстаным и «Рубин» футбол клубыр кьызэрагъэпэщащ.
♦КЪР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI **Сындыку Тобий (Анатолэ)** кьызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокIу.
♦Совет актёр, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист, «Белое солнце пустыни» фильм цIэрыIуэм щигъэзэщIа ролым папщIэ Урысейм и Къэрал саугъэтыр зрата **Луспекаев Павел** кьызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокIу.
♦Режиссёр, УФ-ми КЪР-ми гъуэзджэхэмкIэ щыхъ зиIэ я лэжьакIуэ, КЪР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Теувэж Сулътан** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокIу.
♦КЪР-м щыхъ зиIэ и журналист **НэщIэпыджэ Ибрэхьим** кьызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокIу.
♦УФ-ми КЪР-ми щэнхабзэмкIэ щыхъ зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик **Джырандокъуэ Михаил** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокIу.
♦Германием щылажьэ адыгэ хасэхэм я зэгучъэныгъэм и тхьэмадэу лэжьа **ТIаамжьыкъуэ (Цей) Умар-Фарукъ** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокIу.
♦«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI, КЪР-м, КъШР-м я цIыхубэ усакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат **Ацкъан Руслан** и ныбжьыр илъэс 70 ирокIу.
♦Къэрал, дзэ къулыкъущIэ, генерал-лейтенант, Красноярск крайм и губернатору, УФ-м ЩынагъуэншагъэмкIэ и Советым и УнафэщIу щыта **Лебедь Александр** кьызэралъхурэ илъэс 69-рэ ирокIу.
♦Белгород къалэм потребкооперацэмкIэ и университетым и кьудамэу Налшык дэтам и ректору щыта, педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-ми КЪР-ми егъэджэныгъэмкIэ щыхъ зиIэ я лэжьакIуэ **ЩоджэнАхьмэд** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокIу.
♦Совет хоккеист цIэрыIуэ, Олимп чемпион, Урысейм щIыхь зиIэ и тренер, УФ-м Физкультурэмрэ спортымкIэ и къэрал комитетым и унафэщIу щыта **Фетисов Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаУэ щыщытынущ, уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 21, *тхьэмахуэ*

♦**УФ-м щагъэлъапIэ ЩIыпIэ самоуправленэм и махуэр**
♦**Бухгалтер нэхъыщхьэм и махуэщ**
♦**1920 гъэм** Налшык щыхьэ хозяйствэм и щIыналъэ совет кьыщыщызэрагъэпэщащ.
♦**1921 гъэм** Налшык Лъэпкъ музей кьыщызэIуахащ.
♦**1932 гъэм** СССР-м и ВМФ-м и Хы хуэм флотыр кьызэрагъэпэщащ.
♦**1939 гъэм** Ленинград кьыщызэIуахащ «Москва» кинотеатрыр. Ар залищ иIэу СССР-м япэу щащIа апхуэдэ Iуэхуущ Iапи Iэт.
♦**1951 гъэм** Совет Союзым и Лъэпкъ Олимп Комитетыр кьызэрагъэпэщащ.
♦**1954 гъэм** СССР-р ЮНЕСКО-м хьхьащ.
♦Къэрал кьулыкъущIэ, генерал-майор, Иорданием и лIыкIуэу Тырким, Ираким, Китаим щыIа, Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Бырмамыт Фоуаз** кьызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокIу.
♦Совет кинорежиссёр, СССР-м и цIыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтыр тIэунейрэ, Лениным и цIэр зезыхъэ саугъэтыр зыхуагъэфащэ **Ростоцкий Станислав** кьызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокIу.
♦Инджылызым и пащтыхь **Елизаветэ ЕтIуанэм** и ныбжьыр илъэс 93-рэ ирокIу.
♦УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артисткэ, КЪР-м и Къэрал саугъэтэр зрата **ЖьакIэмыхъу КIунэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаУэ щыщытынущ, уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 7, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 22, *блыщхьэ*

♦**ЩIым и дунейпсо махуэщ**
♦**Экологием кьихь шынагъуэм зыщыхъумэным и махуэщ**
♦**1370 гъэм** Франджым и пащтыхь Карл V и унафэкIэ Бастилие быдапIэр уухуэн щIадзащ.
♦**1832 гъэм** император Николай Езанэм и унафэкIэ Урысейм нэгъуэщI къэрал Iуэхуэмкlэ и министерствэр кьызэрагъэпэщащ.
♦**1863 гъэм** Москва къалэ Думэм и япэ зэхуэсыр екIуэкIащ.
♦**1906 гъэм** Алыджым и къалащхьэ Афинхэм кьыщызэIуахащ зи мычэзу Олимп Джэгуэр.
♦**1918 гъэм** Урысейм и ВЦИК-м унафэ кьыщитащ къэралым и цIыхуэр дзэ Iуэхум хуегъэджэным теухуауэ.
♦Совет къэралыгъуэм и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ, СССР-м и ЦIыхубэ комиссархэм я советым и япэ унафэщIу щыта **Ленин (Ульянов) Владимир** кьызэралъхурэ илъэсхэр 149-рэ ирокIу.
♦Урыс, американ тхакIуэ цIэрыIуэ, зэдзэкIакIуэ, литературовед **Набоков Владимир** кьызэралъхурэ илъэсхэр 120-рэ ирокIу.
♦Бзэщ Iэныгъэлl, КЪР-м щIэныгъэхэмкIэ щыхъ зиIэ и лэжьакIуэ, КЪР-м щыхъ зиIэ и егъэджакIуэ **Елбэд Хьэсэн** кьызэралъхурэ илъэси 133-рэ ирокIу.
♦Америкэм щыщ физик, а къэралым и япэ атомнэ бомбэр зыщIа **Оппенгейм Роберт** кьызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокIу.
♦Химие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щыхъ зиIэ и лэжьакIуэ, РАЕН-мрэ ЩIДАА-мрэ я академик **МэкIэтIей Абдулэхь** кьызэралъхурэ илъэс 77-рэ ирокIу.
♦Урысей географие обществэм хэт, ныбжьыщIэхэм я «Додо Клаб» зэгухьэныгъэм (КЪР) и унафэщI **Мысырджэн МуIэед** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокIу.
♦ЗакIуэ, зэдзэкIакIуэ, адыгэ усакIуэхэм я Iэдакъэщ Iэкl куэд урысыбзэм кьизыгъэзэгъа **Пряжников Александр** и ныбжьыр илъэс 50 ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаУэ щыщытынущ, уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬэкIэмыхЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Губгъэн фIэмылIыкIыр жылэм я нэхъыкIэщ.

● Футбол

Новороссийск къыщикIуэтакъым

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхъэзэхуэм ипкъ иткIэ бэрэжьей кIуам Новороссийск къалэм щызэIущIащ, абы я «Черноморец»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ». Ди лъахэгъу Дышэкl Хьэзрэт зи тренер нэхъыщхьэ хэгъэрейхэм ерыщу кьыхагъэзэхьа пэтми, налшыкдзсхэр абыхъм кьапикIуэтакъым икIи зэрытемыгъэкIауэ, 0:0-у, джэгур иухащ.

Пщэдей, мэлыжьыхьым и 21-м, кьыкIэлъыкIуэ зэIущIэр налшыкдзсхэм ирагъэкIуэкIынущ. Сыхьэт 16-м абыхъм кьрагъэблэгъэнущ Нэзрэн и «Ангушт»-р.

ХЬЭТАУ Ислъам.

«Адыгэ псалъэм» Iэ тевдзэ

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

«Адыгэ псалъэ» газетыр дызыхуэкIуэ накъыгъэм къыщыщIэдзауэ ныфхуахьынущ, мы мазэм и 25 щIондэ абы пощтхэм Iэ щыщIэвдзмэ.

МазитIым ди газетым и уасэр сом 204-рэ кIэпIейкIэ 26-рэщ.

Ди индексыр 51531

Ныбжьэгъу пэж

КЪР-м, КъШР-м я цIыхубэ усакIуэ, КЪР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Ацкъан Руслан и ныбжьыр илъэс 70 зэрыхъумкIэ си гуапэу сохъуэхъу. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, нэгъуэщI щIыпIэхэми фIыуэ къыщацIыху, и Iэдакъэщ Iэкlхэр абыхъм ящыщщ ди республикэри. Руслан и усэ сатырхэр гъащIэм куууэ ухэзыгъаплъэ, дерс къызыхэпх, дунейм и зэхэлъыкIэр гъэщIэгъуэну щызэпкърыха защIэщ.

Ди ныбжьэгъум адыгэ литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэр хъугъуэфIыгъуэшхуэу къызолъытэ, къищынэмыщIауэ, езыр цIыху гуапэу, ныбжьэгъу пэжу хъытхэтщи, фIыщIэрэ щытхъуэ хуэфащэр куэдщ. Сыхуейт и щхьэкIи, и лэжьыгъэкIи, и унаГъуэкIи хъер куэд кьехъулIэу, и къалэмыр мыубзэщхъуу, и гукъыдэжьыр хэмыщIу иджыри бэрэ адыгэ лъэпкъым хуэпсэуну.

УЭХЪУТЭ Александр,
Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и тхьэмадэ. Черкесск къалэ

Сыкъеплъыхмэ Іущхьэм, слъагъужынщ си гъащІэр

КЪБР-м, КЪШР-м я цІыхубэ усакІуэ, КЪБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и унафэщІ Ацкъан Руслан дэ зэрытІыхур и творческэ дунейрщ, и Іэдакъэщ-щІэкІхэм щІилъхьэ гупсысэхэрщ, ар къыззриІуатэ и бзэрщ.

АДЫГЭ литературэм и классикхэм дащыхэпльэкІэ, Ацкъаныр иджырей тхакІуэу зэрыщытым, гъащІэм и купщІэмрэ псэукІэм и зэхэлъыкІэмрэ философие куу щІэлъу къыззрігъэльагъуэм, лъэпкъ Іуэрыіуатэр зи тегъэщІапІэ тхыгъэхэр зэриІэм и адрейхэм кьажегъэщ. Адыгэ литературэм и хэлъхьэныгъэ къызэрымыкІуэщ абы адыгабзэм кьригъэзэгъа Лермонтов Михаил и кавказ поэмэхэри - «Шэрджэсхэр», «Кавказ гъэр», «Къанлы», «Исмэхьил-Бей», «Бэстунджы жылэ», «Абрэдж Хьэжы», «КІуэрыкІуэсэж», «Демон», «Мцыри». Мы поэмибгъур урысыбзэкІэ ятхауэ зэрыпщІэн щымыІэу, адыгэбзэ бейкІэ, кьабзэкІэ, куукІэ ди пащхьэ кьрилъхьащ усакІуэм.

Дунейпсо усыгъэм и дахапІэхэр пшыналъэ гуакІуэу зи псалъэхэмкІэ кьэзыгъэльэгъуэфэ, адыгэ лъэпкъым и щхьэхэзыгъэхэмрэ щІыхуэ гъащІэм и купщІэмрэ псалъэ зэгъэкІуахэмкІэ ди пащхьэ кьизыльхьэ усакІуэм и кІыхьагъэ ди тегъэщІапІэу уІэщІэ зыбжанэкІэ зыхуэунэсащ.

Ацкъан Руслан Хьэсбий и къуэр Псэскан районым хьыхэ Ерокъуэ кьуажэм 1949 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м кьыщалъхуащ. Къэбардей-Балъкъэр къэрал университетым и адыгэ-урыс къудамэр 1972 гъэм къиухащ. Анзорей кьуажэ курыт еджапІэм урысыбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэу, иужькІэ КЪБР-м ЩэнхабзэмкІэ и министерствэм и лэжьакІуэу щытащ, абы зы зэманкІэ игъэунэхуащ журналист лэжьыгъэри. 1980 гъэ лъандэрэ «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм щолажьэ, иджыпсту абы и унафэщІщ.

Ацкъаныр СССР-м (урысей Федерацэм) и ТхакІуэхэм я союзым 1986 гъэ лъандэрэ хэтщ, Къэбардей-Балъкъэрым литературэмрэ гъэзджэмкІэ и Къэрал саугъэтэр 1994 гъэм кьыхуагъэфащащ. Усэхэр, сонетхэр, новеллэхэр, рассказхэр, поэмэхэр щызэкъухьэса тхылъ куэд и Іэдакъэ кьыщІэкІащ. Абы и тхылъхэр «Эльбрус» (Налшык), «Современник» (Москва) тхылъ тедзапІэхэм кьыдагъэкІащ. Руслан и тхыгъэхэм ящыщхэр Польшэм, Болгарием, Венгрием, Чехословакием, Сирием кьыщыдэкІа тхылъхэми ихуащ.

- Руслан, ди псалъэмакъыр есщэжьа зэрыхъунум согупсыс. Нэхъ жыжьэмкІэ кьыщедгъэжьэн, хьэмэрэ, нобэм кьыщыщІэддзэу, блэкІамкІэ дыдэжьэм?

- Псом нэхърэ нэхъыщхьэр щІэздзапІэрщ, кьежьапІэрщ. Сэ сыщалъхуащ Псэскан ауэым, псэр зыгъэпсэху икІи зыгъэпІейтей щыпІэ дахэм. Си кьуажэ щыкІыр, Ерокъуэ, зы унагъэушхуэ хэздзт, зыр зым дэІепыкъуэ ренэгъэт. Нобэм кьэсыхукІэ си нэгу кьыщІохьэж щІыхьэхукІэ зэджэу щыта ди зэхуэсхэр. Зыгъэрым уиэ ищІын хуей хуеІуамэ, абы чырбыш ящІыну ятІэр псоми зэгъэсу лъакъуэкІэ дутэрт, ар ди ныбафэм телъу тхьыртри, кьизыгъэжькІхэм еттырт. Махуэ псом апхуэдэу дылажьэрт икІи дештэхьым. Чырбышыр зыгъэж «Іэщ1агъэлІхэр» кьытщІхъуамэ, дамэ кьыттекІауэ кьэтпытэрт. Зыгуэрым сэбэп дызэрыкъуэхъум кьару кьыдитырт. Абы щыгуэм зыхэсщІэу щытар ноби си лъым хэтщ. ТэкІу зыдагъэзгъэнсэхуну дагъэтІыса нэужь, кьыдату щыта шхын кьызэрыгуэкІыр-щэ! Абы и Іэфыр нобэми си Іум итщ. Дызэрызэддзыхэра хьунт кьызыхэкІыр. Фыгъуэ е нэгъуэщІым ешж слъэгъуауэ кьыскхуащІэжьыркъым абы щыгъуэм. Аращ сэ сыкьыызыхэтэджыкІар, си псэукІэ хьунум лъабжьэ хуэхъуар.

- Ар гуры1уэгъуэщ, ауэ дэтхэнэ зы сабийри дэзыхьэх куэд щыІэщ. Е и ныбжьэгъуэхэм я гъусэу мэджэгу, е езым кьэ ФІэфІ Іуэху гуэрхэм иужь итщ. КІэщІу жьипІэмэ, сабиигъуэ иІэщ, уэ апхуэдэ уимыІауэ ара?

- Дэ хабзэ тКІийм дыщІапІыкІащ. Илъэситхуэ ныбжьыкІ ящыщІэдзауэ сэ кьалэн гуэрхэр си пщэм дэлъу щымытауэ сщІэжьыркъым. ИужькІэ, ялэу стха усэхэм ящыщ зым хьихьащ абы щыгъуэм сиІа щытыкІэр.

Бжьыхь схурт, си адэм щІыгъуэ. Сабиигъуэр сэ страхауэ къэслъытэжт имыгъуэу.

Мы Іуэхум зыкІи си гур химыгъахъуэт, ауэ, чы лантІэу, кьагъэшт си пагаръэр.

Щ1ызухуэрти си пщІыхьхэм сэ чэщанэ, бжьыхь хунырт кьыскхуэнэжьыр, нэхур щамэ.

Си адэм ибжт захуагъэм я нэхъыщхьэу балигъ сыхъухукІэ си пщІантІэпс мыгъущым.

Бжьыхь тхурт, си сабиигъуэр хэдухуанэу, Іэнэ лъакъуищыр кьигъэувыкІэ нанэ.

Чыхэр хуэсшийт си адэм, сигу пымыкІыу, абыхэм сышэсыну си нэ ыкІыпс...

Мис аращ зэрыщытар, ауэ абы зыкІи сыхущІегъуэжыркъым, зыгъэгусэныгъэ гуэри си гум кьинакъым. Си сабиигъуэр апхуэдэу мыкІуамэ, гъащІэр иджы хуэдэу Іэфіу зыхэзымыщІэнкІэ хъунт.

- Иджы уи гъащІэр зытеухуа хъуам нэхъ гъунэгъуу декІуэлІэнщ. Тхэным гу хуэпщІын хуей щІэхъуаращ жыхуэсІэр.

- А Іуэхуми щІэщыгъуэу зыри хэлъкъым. Іуэрыіуатэм сыдихьэхат, нэхъыжьыфІхэм яІуэтэж хъыбархэм седэІуэну сфІэфІт. Лыжьхъэр дэнэ деж щетІысэхми, абыхэм гъунэгъу зэрызазэхуэсщІын Іэмал кьэзгъэтырт, я псалъэмакъыр хъыбархэм зэрыхуэкІуэжынур сщІэрти. Пасэ дыдэу стха усэхэм ящыщ зым щыщщ мы сатырхэр:

Бжэ1упэм лІыжьхэр щоуэршэр,
хъыбархэр зэпадзыжу.
Дзэ узыр зэуэ сщогъупщэж,
лІыгъэнши зэспэсижжъым.

Нарт хъыбархэр щызэхуэхьэса тхылъышхуэр си блэгъущІэм щІэлъу кьесхьэкІыу щытащ. Жэщкі эр си пІэщхьагъым щІэлът, аращ хьунт нарт лІыхъужьхэм сахэту кьэдрэ щІыпІэ щІэслъагъур. Іуэрыіуатэм ижь зыщІимыхуар усакІуэ хъуну си фІэщ хуэрхьэм.

- Уи усэхэр хэт япэ дыдэу зэбгъэльэгъуар?

- Сэ адэ кьуэш Іуэззэджэ сиІаш. Ар кьалэм дэст, инженер Іэзэт, имыщІыф дунейм теттэкъым. Кьуажэм нэкІуэжьы, ди деж ныдыхьэрт. Езым фІыуэ илъагъу и Іэщ1агъэм сыхуригъэджэну хуейти, сыкъингъэдІэуну хэтт, ауэ зыри спи-



хьыртэкъым, си гур нэгъуэщІым зэрыхуэзгъэпсри схужеІэртэкъым. Сытми, зы махуэ гуэрым кьызжьэдишащ си мурадыр. «НтІэ, птха гуэр кьыскхуеджэт», - кьыспиубыдащ абы. Сикіуэтыжьыну Іэмал сиІэтэкъыми, си уэнщэкум щІэзгъэпщкІуа тхылъымпІэ кІапэхэр кьэсхьащ. СыукІытапэурэ щІэздза щхьэкІэ, сыкъызэрыкІри, стха усэ зытІущым абы сыкьыхуеджащ. «Уи гъэгур езым кьыхэпхыжа хуэдэщ, афІэкІа хэгъэзыхьэ щыІэкъым, - жиІащ абы, кэлпІэу тІэкІурэ щыса нэужь. - СыбгъэгуфІащи, сэри узгъэгуфІэжьынщ куэд мыщІэу».

Си адэ кьуэшым сыщигъэгуфІэнум тепыІэнщэу сыпэплъэу щІэздзащ. Ар кьуажэм кьызэрымыкІуажа махуэ зытІур мазэ бжьигъэу кьысщыхуат. Си щхьэм Іэджи щызэблэзгъэкІырт, ауэ пІакъуэрыгъажэ кьызэрысхуащхунур нэхъ тезгъакІуэрт. Іуэхум сызэрыпэмыплъауэ кьызэридзэкІащ. «Накіуэ си гъусэу, - жиІащ абы зы махуэ гуэрым, ди пщІантІэм кьыдыхьэурэ, - си гуфІапщІэр уэзгъэльагъунущ». Кьуажэбгъум дызэрынэсу, джабащхэ лъагэм тет жьыхь иныщэр кьэсльэгъуащ. Ар зыкІэ дахэу джэрэзти, зигъафІэ щІыкІэу зигъаззу! Си нэр кьысхутехьртэкъым. «Мор уэ пхуэсщІащ, - жиІащ си адэ кьуэшым. - УсакІуэм жьыр кьышщепщ лъэныкъуэр ищІэу щытын хуейщ»... Илъэс куэд дэкІа нэужь, «Пшэм хэт унэ» поэмэм кьыщызэсэбэпащ мы жьыхьым и хъыбарыр.

- Гукъэкі гъэщІэгъэнщ. Усэм нэхъ хэзыщыкІ гуэрхэми иужькІэ ебгъэлъэгъуа хъунщ птхахэр.

- Дауи. НэхъыбэІуэ стха нэужь, кьалэм сыкІуэну мурад сщІащ. Си адэ-анэри кьэзгъэдэІуат саутІыпщыну. Кьэнэжьр хэт и деж сыкІуэнуми зэхэзгъэкІынырт. Дызэреджэ тхылъхэм ит усакІуэхэм я сурэтхэм сеплъурэ, ЩоджэнцІыкІу Іэдэм сыкъытеувыІащ - и нэгур нэхъ зэІухаэу, нэхъ цІыху гуапэу кьызыцІхьуат. Си пщэдджыжь гуэрым, тездзэри, сыкІуащ кьалэм, гуэргупщІэ тІэкІурэ зы морожнэ уасэрэ бжауэ сІыгъыу. ЗэрысщІэжьымкІэ, Іэдэм «Іуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэт а зэманым. Іэдэм лэжьапІэм щымыІэу кьыщІэкІащ. Апхуэдэу щыхъум, щыпсэур зэхэзгъэкІри, и унэ сыкІуащ. Згъэзэж хъунутэкъым, иужькІэ щІэх дыдэ сытемыгъуэжьыгъэ хэлът. Іэдэм егъэлеиуэ гуапэу кьысІуащІащ, си усэхэри сІихри, абы щыщу тІу и журналым кьытридзат. Абы сызэригъэгушхуам ущІэмыпущІэми хьунущ.

- ИтІанэ-щэ?

- ИтІанэ Тхьэгъэзэт Зубер и деж сыкІуащ, Нало Заур и деж сыкъыщыщІидзащ...

- Абыхэми кьыбдаІыгъа усакІуэ хъ1ну уэзрыхуэи гукъыдэжыр?

- Кьыздаіыгъа кьудейкъым, хуабжьу щІэгъэкъуэн псыхэхъуэхэщ. Иужькіэ Зубер шынэхъыжьфІым хуэдэ схуэхъуащ, Заури псэухукІэ и нэІэ стриГэжІакъым.

- Курыт еджапІэр кьыщыхьуэн узыхуеджэнум тебгъуакІэу зэрыщытар гурыІуэгъуэщ. Ущеджэну щІыпІэр дауэ кьыхэпха хъуа?

- Мэзкуу сыкІуэу Литинститутым сыщеджэну Іэмал сиІащ, зэи сежьат, ауэ кьэзгъэзэжащ. Кьэзгурыіуащ адыгабзэр куууэ зджьмэ зэрынэхъыфІыр. Апхуэдэу ди университетым сыкъыщыщІидзащ. Абы зыкІи сыхущІегъуэжыркъым. ЕгъэджакІуэ ГъуэзэджэхэР сызэриІам нэмыщІ, университетым сащыхуэзащ иужькІэ ныбжьэгъу пэж схуэхъуахэу ІутІыж Борис, ХьэфІыцІэ Мухьэмэд, Абдокъуэ Іэуес, Хьэх Заурбий, нэгъуэщІхэми. Абыхэм кьэд кьапысхащ щІэныгъэ, адыгагъэ я лъэныкъуэкІэ, утыку сихьэуи срагъэсащ. Ахэр зыкъомкІэ нэхъыжьт, гъащІэм фІыуэ хащІыкІырт. Ар нэгъуэщІ пльхъэнэт. Дэ, зэрыжаІэу, Іэжьэктыр итчыт. Езым ди блын газет кьызэрыдэдгъэкІым нэмыщІ, республикэм кьыщыдэкІ газетхэм щхьэкІэ литературэм и напэкІуэцІхэр дгъэхьэзырырт, радиомкІэ дыкъэпсалъэрт, телевиденэм дынэст. ИужькІэ, ХьэфІыцІэ Мухьэмэд университетым кьыщыдэкІ газетым и редактор хьуа нэужь, абыи щІэх-щІэхыурэ кьытехуэ хьуащ ди тхыгъэхэр. А псори дызыхэтыну гъащІэм дыхуэзыгъэхьэзырт.

- Иужькіи ныбжьэгъу пэж зыбжанэ зэрыбгъэутам дэ фІыуэ дышыгъуазэщ, ныбжьэгъугъэр уэ зыхуэбгъадэ зэрыщымыІэри дощІэ.

- СиІэщ ныбжьэгъуфІхэр. Ахэр куэд хъункІэ хъунукъым. Зыгуэр бгъэныбжьэгъуныр псэм и деж кІэ лэжьыгъэшхэщ, абы зыри лейуэ кьыкІэрыпщІэ хъунукъым, ущызэпхыплъу щытын хуейщ. «Ныбжьэгъур уи гъусэу ныбжь зыдзырщ», - щыжьиСІауэ щытащ си усэхэм ящыщ зым. Си ныбжьэгъуфІхэщ ХьэІупэ Джэбрэил, Тут Заур, кьэушми йофІэкІ жьихуаІэм хуэдэу. Мыбыхэм япэу сащыхуэзэам иджыри курыт еджапІэм сыщІэст. Иужькіэ згъуэта ныбжьэгъуэхэм ахэр зэрахэзбжэнур дауэ? Нэхъ иужькІэ къэсцІыхуахэщ, ныбжьэгъу пэж схуэхъуахэщ сурэтыщІ Іэзэхэу Бгъэжьнокъуэ Заурбэч, Црым Руслан. Абыхэм сыт щыгъуи си щхьэр еслъхьэлІэфынущ. Дэ ди гупсысэкІэ зэтохуэ, абы мыхьэнэшхуэ иІэщ.

Уэ блэкІа лІэщІыгъуэм и блыщІ гъэхэм ди литературэм кьыхьихьахэм уащыщщ. А лъэхъэнэр сыткІэ кьыщхьэщыкІрэт нобэ кьекІуэкІым, литературэм егъэщІилІауэ жыпІэмэ?

- Кьэралри, цІыхухэри литературэм зэрыхуэщытыр нэгъуэщІт. Талант гуэр уиІэу кьалъытамэ, уагъэгушхэунут. Еджэр куэдт. Уи лэжьыгъэм кьыпэкІуэри мащІэтэкъым. ТхакІуэхэм я союзым а зэманым лэжьыгъэшхуэ иригъэкІуэкІырт, литературэм кьыхьихь щІалэгъуалэм защІигъэкъуэнымкІи хуэзэфІэкІ кьиГанэртэкъым. Псори зэлъытар кьэралыр Іуэхум зэрыбгъэдыхьэрщ. Абы щыгъуэм лъэпкъ цІыкІухэм я литературэхэр, урыс литературэм ещхьыркъабзэу, яІэту щытащ. Кьэралым мылъкушхэу тригъэкІуадэрт ахэр урысыбзэкІэ зэдзэкІыным, утыкушхэу ишэным. УрысыбзэкІэ зэрадзэкІа тхыгъэхэм адрей лъэпкъ псори щыгъуазэ хьурт. Нобэ езым мылъкушхэу хэплъхьэн зэрыщІэн. Ар усакІуэм, тхакІуэм хуэзфІэмыкІын Іуэхуу.

- Уэ дауэ кьэпльэтырэ ди лъэпкъ литературэм нобэ и зэфІэкІыр? Ди литературэр и пІэм иуджыхьу кьэзыльтыгъэхэр щІэщ...

- Япэрауэ, убэн зи мыжагъуэ сыт щыгъуи щыІащ. Апхуэдэхэм я нэхъыбэр зэмыджам, зыщІимыгъуазэм топсэльныхь, блэкІ пэтрэ зыгуэрым жиІар игъэныщкІын афІэфІщ. Махуэ кьэс зыгуэр имытхмэ, усакІуэр е тхакІуэр литературэм кьыхэхуауэ кьэзыльтыти щыІэщ. АтІэми, дэ дыщыгъуазэщ мащІэ дыдэ фІэкІа зымытхауэ классикэм хабжа усакІуэхэр зэрыщыІэм. Нэхъыщхьэр бжьыгъэркъым, купщІэр зыхуэдэрщ. Нобэ ди литературэм кьыщІэхъуэ щІэблэм мыпІащІэу, уигу игъэзагъэу тхэ яхэтхэщ. Сэ абы егъэлеиуэ сыщогуфІыкІ.

- Иджы а литературэр кьызыхэкІыж гъащІэм тІэкІу дытепсэльыхьамэ арат. Профессор Щоджэнцыкіу Нинэ уи Іэдакъэщ1экІхэм ятеухуауэ итха лэжьыгъэм сфІэфІу седжауэ щытащ. ЛІэныгъэм теухуа уи усэхэр зэпкърихыурэ, ар гъащІэм и Іэфіагъым топсэлъыхь. Гъащ1эр фІыуэ пльагъун щхьэкІэ, лІэныгъэр зищІысыр пщІэн хуейщ - араш уи усэхэм хэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр.

- Нинэ гупсысэ куу, гулъытэ нэс зиІэ кьэхутакІуэщ. Сатыр зэхуакуэм щызгъэпщкІуу си гугъэж гупсысэхэр тыншу кьеГуэт абы. Сыт гъащІэр зищІысыр? А упщІэм нэсу жэуап езыта щыІэу си фІэщ хуэрхьэм. Зы цІыху цІыкІум и гъащІэр дуней псом пыщІащ, дунейм кІэ иІэкъым. Зищысыр зэрымыщІэращ гъэщІэгъэну гъащІэм хэлъыр. Ар кьэхутэным и ужь уитыху - уопсэу.

- Уэ дауэ упсэурэ нобэ?

- Адрей псомиу хуэдэу. ФІыуэ сльагъу си лэжьыгъэм зэман куэд тызогъэкІуадэ, кьызщІэхуэ щІэблэм гулъытэ нэхъыбэ зэрахэзщІыным и ужь ситщ. Псэгъэтыншу сиІэщ си Іыхьлыхэр, си ныбжьэгъуфІхэр.

- А псоми закъыдэбгъахуэу ущытхэр сытым деж, Руслан?

- Сэ сытІысу зэи сытхэркъым. Стхам и нэхъыбэр уэрамым сыдэту, кьыздэскІуныкъым, къэкІуащ. Уэзр си гум щызэпкърыуа нэужь, тхылъымпІэм дзыхь хуэощ.

- Гъащ1эм щекІуэкІыу хуэдэ псом япэ усакІуэм и гум зэрыпхыкІым шэч хэлъкъым. А псор дауэ абы зэрыхуэхьыр?

- Усэм хелъхьэ. Аращ кьезыгъэлъэр. УсакІуэм гуаэрэри гуфІэгъэри егъэлеиуэ зыихещІэ, атІэми абы и Іуэху зытетыр кьызыгурыІуэр мащІэщ, усэ кьызыгурыІуэр зэрымащІэм ещхьу. А кьызыгурыІуэ мащІэр щыІэху - усакІуэри щыІэнуущ.

- Сэ зэрысщІэмкІэ, уэ птхащ усэу щэбжьгъэ, поэмэ зыбжанэ, философие куу зыщІэлъ сонету щитІрэ хъыщрэ, рассказхэр, новеллэхэр, Лермонтовым и кавказ поэмэхэр, адыгабзэкІэ ятхам хуэдэу, зэрызэбгъэзэкІар псоми ящІэ. ПщІэрэ щхьэрэ уиІэу илъэс бжьыгъэ гуэри, жьгІэнкъым ар куэд хъуу, къэбгъэщІащ. Иджыпсту сыт хуэдэ гугъэ пщІыми кьохъуІэнкІ жаІамэ, дэтхэнэ уи гукъыдэжрауэ пІэрэт япэ къыщынкІ?

- Си къежьапІэмкІэ згъэзэжьынт...

Епсэлъар
НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.

АЦКЪАН Руслан:

Си къежьапІэмкІэ згъэзэжынт

• ДифІ догъэлъапІэ

Руслан и анэшхуэ КІуІэ *(ижьымкІэ)* **и Іыхьлыхэр и гъусэу.** *Сурэтыр XIX лІэщІыгъуэм и кІэухым трахащ.*

Жыгей мэзыр, къунаныр, нэхущыр

И къангъэшхэгъуэт а шыщхьэуІу тафэм! Дыгъэ нэбжьыщыр и къуакІэт. Шыльэджэд кІэтхыр и баринт. Щхьэгъуфбжащхьэ удзэкр псы иригъафэурэ, ХьэтІохъущыкъуэ и хадэ хьарищэм зыгуэр зэпхыплът. Сыхьэтыр 8-м зэрынэблагъэм и узчыну, лІы кьуэгъу къамылыфэ, лъэс лъагъуэм дедзыхри, хадэмкІэ еунэтІ. ПльэІуакІуэри:

«Сыздишэр ищІэрт гъащІэм,
ещхьу гъэрым
сыблишу жыгым, сыкІэлъихуу пшэм...» (А. Р.) - кьипэщэщыжурэ пщІащэ Іэгъуапэхэм иэрыхь щхьэ тхъуам ущІоплъ.

ПщІэддЖЬЖь къэс и нэгу щІэкІ а сурэт едзыгъуэр зэлъыІукІуэтмэ, кьыхудэкІынур зы усэ ильыгъуэти, ари, кІэлъыплъэурэ, дыгъэ нэбжьыщым хегъэуащ. Арыххэу (усэщІахъэм и аркъэн упщІыгъуэт) гъэрхэр зэхуэзыдзыс гуэрым, ІуэнтІагъэ пхыру, плъэІуакІуэр зэщІепхъуатэ, лІы кьуэгъумрэ жыг гъуапэмрэ я шыкІэ кьурыкъум тэрмэшу хелъафэри, джэрпэджэж жейбащхьэхэр кьыдэщатэу, зыгуэрым еукъуэдий: «*Усакіуэ!..*»

Уи зы гупсыси си дауэтэкъым, итІани, псэкІэ згъэудэІужу уи уэрэд сохь. Уи зы гъуэгунапщІи си фІарийтэкъым, итІани, укъэзыуфыхь жыг гуэрэнхэм жьыбгъэ бауэкІэщІу сыщопсчэ ІуІу. Уи зы хъуэпсапІи си пщІэгъуалэтэкъым, итІани, Лэсчэн салъхьыну шэтІэгъуэбл яем кьру щхьэрыуаэ зыщІыпхуэзоІуантІэ.

Усакіуэ... Хэтыт мыджылу а уи лъэмыж техьэгъуэхэм кьайщакІуэр? Кьещащэхьыну хъуэпса уи бжьыхь з гъуэпІым дэтхэнэ усэр, лъаІуэу, хэкІэзызэрэ? Зызыдэбгъэшыр дэтхэнэ уэшхуэапІэм и псыдыуэ? КъэхъуГъэр зыгъэуэндэгъу гъэззжыгъуэхэр дэнэкІэрэ дунеижь шыбзэм щысыщІэпхузыкІ? Зыгуэрым, джэгуурэ, ирикІута пшапэхэм сытхэм щхьэкІэрэ, натІэрыхь набжьэу, укъаувыхь? Зэгуэр епльэщІэхьжа нэхущхэр дауэрэ, кІэсыж гуитІщхьитІу, кьэззэщІэшасэ?

ЗэтощІэ гущэрэ, а уэрэд щІыхуэхэм я толъхъун щатэхэр! Я зы дэтхэнэри - пщІыхь дауэ. Я нэхъ жьгъыурри - зи пІалъэ и мыкІ щхъуэхущхъуэу...

Къримытхар уи натІэ умыуей,
Уи пщІантІэ щемыжьари уи мылъагъуэ...» (А. Р.) - абы зэ ирипльар, щхьэ иджыри учэруанакІуэ? ЗдэщыІэри дэтхэнэ дуней къат а уи жьигей мэз упсапсэхэр?

УщыІукІуэтмэ - укъамыщІэххэу узыІупльэ уахъты. УкъэкІуэтэжмэ - лІэгъэхэм кьапэунэхуж псэ. ЗэІэныкІыгъэуэрэ - тезыр пІалъэнш! Зыкъыщыбгъазэрщ, схуэмыгъэнщІу щІэзупскІэж уи жьапщэхэм я уэрэд хьыринэ. Жьыху щІэпльэтыгъуэрэ нэр зытемыпІэ гуэужькуйим ехь кьыщІагъэльэну зыхунэмыса псыкъуийхэр; аджьэ бжьыхь къуэпа пыдия вагъуэпсэхэр; Лэсчэн кІэкуакуэ зыщикъуэ мыл афэм и щІыІунэ дзэлытІхэр.

Усакіуэ... Тебгъазэурэ кьыщыпщэкІужьр сыт а зэгуэр уи нэбзийхэр зыщІэтІысыкІа псынэ лъащІэхэм? Бжэ1упэм Іуль хьэжьри, мыщхьэукъуэу, щыхэкъугъэр хэт а зи здынэмыкъугъысыну уафэм? Гъэмылалъэ плІэрыхьыр хьэпкІэурэ, уэрыхэбжьахъуэр дауэ а зэи къэмыкІэрэхъуэжьну жьыхуэхм!

ЛыщІынэІэнэу зэпекъу бынжэ уз кьуэпсыр, уафэ Іупхъуэу зэщІэпльэфыжьурэ, щыблэ тхыщІэжэр угъэІуРыщІэ. БампІэ хьэчэм зэщциуд жьапщэхэм шурылъэ яхуэбгъэджэгуурэ, дыгъужь нэкуГъуэхэм уапхырощэт. Гугъэ хьэнщэгуащэхэм укъауфэрэфыхьырэ ГъатхэХ уэшх сокум блэ шэрэзэхр щыбогъэхъуэпскІ. Адакъэжьищэр зауКІыжу здэщыІуэ щІалэгъуэ пшэплъ тхъурыжьэхэм мазэу узыІуРалъафэмэ, уи хьэндырабгъуэхэр хэупщІэпщІэкІыу, сабиигъуэ бзджьхъ дыкъуакъуэм дыгъэу укъыізэпхопсыж...

- Узышэжри дэтхэнэ таурыхъ а бгынэжа жьэгухэм?

«Зэхуэуэ пшапэр аргуэрыжьу,
Сыт щІауэ сэ мыбдеж сыщыт...» (А. Р.)

Укъизыхыжьынури дэтхэнэ лІыжьыгъуэм и дзапэ уэрэд? Усакіуэ...

Апхуэдиз мыщащхьэр щыпхузэблэкІ жыгей мэзхэм кьащыпІпыхьуэж мыщэ лъэужьым ирикІуэу, дуней хьэхум пхутетыр зы псэщ. ЗэплъэкІыт... *Куэдым хэт и щхьэ тхъуар ехьэкаэ,* ныпкІэлъыхьуапсэурэ ар йоІэзэ уи жэщтеуэхэм я щтэІэщтаблэм. Укъиусыхьуэр абы кьыпхуэхъэпс хуарэ лъэрыгъэм я гъуэгуанэ махуэ. А зырщ зымыбзыщІыр уи гум и гъэхэм дыгъужьыдзэ кьащІеІэр. А зырщ зыбзыщІыжьр ныпкІэлъыпсысыз жыгэм я хъуэр бзэмыІур. УщыбыдзэфаРи ущыпІыжьынури а зым и напщІэ хэлъэтыгъуэщ.

Усакіуэ, кхъыІэ, псынащхьэ абджэжм кьарыщ сурэтым утеплъэщхъуэ... умыпІащІэ! Дуней кьутахуэхэм я пэщхъэн егъуэмкІэ умыгъащтэ а ныбжь ДАХАЩЭР! Догуэ, уэрмыраУэ пІэрэт абы и кьунан щхьэхуитым, зэгуэр, шхуэІум и кІэщІ тезыбжар?.. Уэрат ар! Жыгей мэз дэгуэхэм сакъыпхуэхэпльэзэурэ, иджы, кьэзоцІыхуж уи хуарэм и шыдамыгъэ!

УсэщІахъэр зэзупІэкІыу, сыгуащэурэ сыгуащэ гъэрыр, иджы, кьхъзанэ псыхьэу сырашэж адрыщІ нэхущхэм я лъапсэ. Дэгъзэ нысхуэуэтІыпщ... Іэдакъэжьаэр хуэсщІурэ ФІынщэгъущІэ зыщІэслъхьа а усэ Іубыгъэр иджы сІуГъахуэ уафэ уэсэпсу:

«Бзур къуэу абджьм, хихыу си псэр,
ищІащ аргуэрыр зэшзэхпІэ.
Абыи уафэм кьыщІэлъэтыпІэ.»

... И ІУТІЫЖЩ мэлыжьыхь уафэм! Ушх лъэужьым Усакіуэ кьыхохІ: уэрэд псыкъелъэр и бащІыкъкъ данапІэу, усэщэлъахъэр и аркъэн упщІыгъуэу.

НЭТЫХЪУЕЙ Гуащэ.



И къуэш цІыкІуэхэмрэ и шыпхъу цІыкІуэхэмрэ я гъусэщ. Руслан етІуанэ сатырым ижьымкІэ щытщ. *1959 гъэ*

И анэ Раерэ и адэ Хьэсбийрэ я гъусэу.

И щхьэгъусэ Къунаш Мидэрэ и къуэ Ацкъан Ратмиррэ. *1978 гъэ*

Сыкъеплъыхмэ Іуащхьэм, слъагъужынщ си гъащІэр 70

Зи псалъэр щІэщыгъуэ усакІуэ

Дуней дахэм ухуэфащэу, пщІэ къыпхуащІу цІыхум уахэтын папщІэ, псом япэ удэзыхьэх псэльакІэ уиІэн хуейщ. Тыншкъым жьэнахуэу ущытыныр, ауэ нэхъ гугъэжщ уи гупсысэр тхьбэз шэрыуэкІэ къьбгъэльэгъуэныр, «усэбзэ емылыджым ишэсныр».

Зи гугъу сщІыну Ацкъан Руслан нэхъыбэу зыхуэныкъуэр критикэрауэ къыщІэкІынкъым, атІэ литературэдж щІэныгъэлІэхэм я гулъытэрщ, и творчествэр абыхэм зэпкърахыныр.

Псом япэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ усэм и жанр нэхъ гугъу дыдэу ябжьи сонетым Руслан къару кузэ зэрытригъэкІуэдар. Адыгэ усакІуэхэм яхэткъым апхуэдизэ сонет зытха. Сонетым халъхьэ гупсысэр и фащэм ибгъэувэну тыншкъым. Ацкъаным сонет лІэужьыгъуитІри (итальян сонетымрэ инджылыз сонетымрэ) хъарзынэу кьеГъэІурыщІэ.

Сонетым и фащэ гугъум зыкъомкІэ «Іэпхльэпх» ищІми, Ацкъаным хузэфІокІ образ хьэлэмэткІэ ухуа, гупсысэ куукІэ гъэнщІа усэ кьиГъэщІын. Езы гъащІэ дыдэм, дунейм и щытыкІэм философие къыхех усакІуэм: *...ИщІэркъым дунейр зыкъутэ жьапщэм цІыхум игу иль мафІэм зэрыщІэпщэр; насыпыфІэу ябжу - насыпыншэ; насыпыншэ фІащу - насыпзащІэ.* Насыпым теухуауэ усэ цикл псо къыщыбгъуэтынущ и усэхэм. Аэар гупсысэ хэхакІэ иух хабзэщ: *Уэсэпс ткІуэпсу итыщ насыпыр гущІэм. Уигу пштырыку - мэгъущ нэхъ псынщІэу; Насыпыншагъэм къыслигъаплъэр сщІэрт, насыпым къызищІэнур зыщІэр хэт?*

Ацкъан Руслан и сонетхэми, и лирикэ псоми къыщегъэсэбэп парадокс Іэмалыр, ар, адыгэбзэкІэ жыпІэмэ, узэмыжьэ, цІыхур зэса гупсысэ щхьэхуэм пэщІэуэ, жьІэкІэ гъэщІэгъэн къызэрагъэльагъуэ Іэмалщ. Апхуэдэу, Ацкъан Руслан и сонетхэр зэриух зыбжанэ къэдгъэльэгъуэнщ: *ПсэукъкІэ хъыщагъэпщкІу и вагъуэр цІыхум. ЩыкІуэдыжьнум дежщ щыззрыцІыхур; ЩыжьисІэм мис мыбы щІэстынт си гъащІэр, нэгъуэщІ зыгуэр къыкъуокІ, ар нэхъ хуэфащэу; Уэзджэр къокІуэ жаІагъащ, арщхьэкІэ, уэзмыджэр къыщищІыр ялэ Іэджэщ; Гъуэщам къигъэтыжьынкІэ мэхъу и лъагъуэр. Нэхъ Іуэхур зытеувэр зымылъагъурщ; ГъащІэр йокІуэкІ, кхэнащ иджыри гугъэ. Тыншу уІэнри щыщщ ехъулІэныгъэм; Нэхъ мащІэ хъухукІэ цІыхум хуэзфІэкІыр псэм и лэжьигъэм хэхъуэрэ йокІуэкІ; Мыбы нэс сыкъэкІуат си жьым сытесу. Къэнар скІун хуейуэ къыщІэкІынут гъэсу; Я нэгу ныбжьэгъуэхэм сэ сиплъэфкъым хуиту. Хуежьащ къыпхупсу щхьэж и натІэм илъыр.*

Усэм деж образ щІэщыгъуэ зэфІэбгъэувэн папщІэ мыхьэнэшхуэ яІэщ: зэгъэпщэныгъэм, эпитетым, къэгъэпсэныгъэм. Мыхэр гъунэжу къыщагъэльэгъуащ Іуэрыйуатэм. Ауэ абы щымащІэкъым къытесыгъэзэжхэр, къытІощІэужагъуэ хъуахэр. Псалъэм папщІэ, дыщэм егъэпщэныр апхуэдэщ: хэку дыщэ, анэ дыщэ, кІуажэ дыщэ. Уи жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэ эпитет укъуеяхэм ущыхуозэ нобэрей усэхэми, «нэжэгужэ льагъуныгъэ узэрэдхэми».

Ди усакІуэ пажэхэм а Іэмалхэр къагъэщІ зыми емыщхьу, удихьхьу, уигъэгупсысэу. Апхуэдэщ Ацкъан Руслани. Абы етх: *Сэ мы псэукІэм зикІ сыхэмызагъэ, уэхкІуэсыкІи хъурэ, ещхьщи зауэм...* Щапхъэр куэдщ. Мы къыкІэпІыкІуэ жыІэгъуэм щызэхэпщащ эпитетри къэгъэпсэныгъэри: *«Бжьыхьэр щхьэцпэщтэщ... Жьыбгъэр бзэгъэхьэ хъуа си гугъэщ».*

Дунейм и щытыкІэмрэ усакІуэм къеІуатэ цІыхум и хьэлхэр - *толькъун къэ и щхьэ хуопсэльэж; Акъужьым кьызжиГэну зыхэтар, йожэкІри жыг зэщам иоІуэтыпІэ; ЩыхупІэр ещхьщ лІыжь вэзшам; Іэгуауэу мывэкэр зотІыркъ; игъущыкІащ, Іум ещхьу, псыхъуэр.*

Мыпхуэдэ теплъэгъуэ уи нэгу къыщІэзыгъэувэфынур усакІуэ нэсырщ. Лириеска лІыхъужьыр «щыМахуэм ІущІэну» унэм къыщІокІ, щыгъур уэсым исеящ, лъагъуэхэр щІихъумащ:

Уэсым ещхьу, хуит сыхъунщ,
сысей сщыхъунщ уэгу щІагъыр зэрыщыту.
Сызэрыхуейуэ гъуэгур къыхэсхынщ,
лъэкъуампІэ къэс гуфІэжу си ужь иту.

Ацкъан Руслан лирикэм и фащэ псоми ит усэ куэд итхащ лъагъуныгъэм, пейзажым, жылагъуэм, гъащІэм и философиемк теухуауэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми кІуэцІрыш езым и гупсысэ, и дуней еплъыкІэ, и усэхэм къахуегъэзтыж сюжет щІэщыгъуэ.

УсакІуэ Іэзэу зэрыщытым кьищынэмыщІауэ, Ацкъан Руслан икІи зэдзэкІакІуэ гъуэзэджэщ. Хэт зымыщІэр абы Лермонтовым и поэмэр адыгэбзэ нэскІэ кьызэригъэпсэльар! Усэхэр кІыхьу кьызэпкърыхыну, утепсэльыхьыну тыншкъым. Псом нэхъэ нэхъыфІыр абыхэм укъеджэныщ. Руслан и усэхэм кьеджэм зэманкІэ щІэнэмэу игъэзЕГуэуэ хужьыІэныкъым.

Маяковский Владимир и щхьэм щхьэкІэ жиІэгъащ: «сэ сыусакІуэщ. Аращ сызэрыгъэщІэгъуэныр». Ацкъан Руслан усакІуэ нэсщ, абыкІи гъэщІэгъуэщ. Ауэ гъэщІэгъуэщ и дуней тетыкІэкІи, и цІыхугъэкІи, и гушыІэхэмкІи. Си гум къыбгъэдэкІыу сохъуэхъу и гъуэгур кІыхь хъуну, узыншагъэрэ насыпрэ щымыщІэу гъащІэм гу щихуэну!

БАКІУУ Хъанджэрий,
филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор.

Уигъасэркъым, уиущийркъым - уегъэгупсысэ

ПЩЭДДЖЬЖЬ къэс си нэр къызэтесхмэ, япэ дыдэу Тхьэшхэм сохъуэхъу иджыри зы махуэ сызэрыхигъэпльакІэ, къыкІэпльыкІуэу сахуохъуахъуэ си гъащІэм и щугъуэ пэж ныбжьэгъуфІхэм. Абыхэм языхэзэри сэркІэ дуней Іыхьэщ, зэщхьуи тІу яхэткъым, ауэ псоми зыщ я фащэр - псэ!

Псэрылажьэ цІыхум и гъащІэм нэхъ тещІапІэ хъур, къызэрысІэщІымкІэ, гугъуехьрэ зэшыгъуэрэщ. Зэш псори зэшкъым, гугъуехь псори зэрымыгугъуехьым хуэдэу. Хэти зэшурэ «Выхожу один я на дорогу» жеІэ. Гугъуехьу къыщІэкІынукъым зэ птхар пщІэ пкъутэжу упсэуныр е гъуэгум телъ мывэр уеІэбыхрэ ибгъукІэ бгъэтІылъныр... Зэшыгъуэмрэ гугъуехьымрэ я кум дэлындыкІыку псэу цІыхум и насыпу къыщІэкІынущ, дунейм гупсысэу тетами тетыными езым и гупсысэ хидзэжьфу. ФыкъэзгъэпцІэныи си фІэщ хъуркъым Ацкъан Руслан апхуэдэщ жысІэмэ.

«Ягэрей» дунейм хэти Китайм къыщалъхуауэ, хэти Индиэм, хэти Альбионым и пшагъуэмкІэ япІауэ жаІэ. Ярэби, апхуэдэр пэжу щытмэ, Ацкъан Руслан «япэрей» дунейм дэнэу пІэрэт къыщалъхуар! Мис ар сэ тынш дыдэу вжесІэфынущ! Лэскэн псыхъуэ! Дунейм зы дахагъэ телъыджэ щыІэмэ, абы ящыщщ а псыхъуэр! А псыхъуэм, «мывэ льбеуэ», щыщІэльэт пщІащхъуэри, бжьых гъуанэм къиплъ щхьэкІэ бзури, Лэскэн ауэым щыхъуакІуэ «боцэхэри» уи гъащІэм хэзыпщэф цІыхум и гур сыту тхьэмыщкІэ, сытуи иныщэ, хьэрш даущу. Ацкъан Руслан и «хьэкум» къридз мафІэбзий-бзэгур апхуэдизкІэ щабэщи, нанэ и кІэпхьным къыдэржэгу хуэдэщ. Блынджабэм фІэпъ сурэтыжьым ущепльпкІэ, Ацкъаныр уи гум къыдожей е унэ блынджабиплІым уи нэр хуэзэрэ ухэгупсысыхьамэ, зэщІэчэу уэзыгъэльэгъуф усакІуэ Ацкъан Руслан и дунеймрэ и гъащІэмрэ махуэ къэс щыпльагъум деж, псоми къамылъагъуф гуэрхэми гу лъымытэнкІэ Іэмал иІэкъым.

Адыгэ усыгъэ зэрыщыту кьапщтэмэ, зы дертышхуэ хэлъщ: кэуды-Іуэрэ уагъасэ, уауий! УрысыбзэкІэжьыСІэнщи, сэабысызэреджэ мыращ: назидательная поэзия. Ауэ апхуэдэри зигу ирихьыр гъунэжу къыщІэкІынщ. Нобэ, Тхьэшхуэм и фІыщІэщи, лъэпкъ литературэм и насыпщ, сыту жьыпІэмэ абы иІэщ Тхьэгъэзэит Зубер, Бещтокъуэ Хьэбас, Ацкъан Руслан хуэдэхэр. Ацкъан Руслан псоми зэремыщхьыр япэ дыдэу - и нитІращ! ИтІанэщ усэхэр къыщыкІуэр, ауэ и ныбжьыр 70 хъууэ арами, Ацкъаным и псэр куэд щІащ жьы зэрыхъуэр! ЩІалэ дыдэу итха усэхэм ущеджэкІэ, япэу гу зылъыптэри аращ. КьинэмыщІауэ, Руслан и усэ псори къапщтэмэ, зы усэшхуэ хуэдэщ! ЕтІуанэу, икІи псом нэхъэ нэхъыфІу, Руслан и тхыгъэ псоми хэлъыр игъащІэкІэ гу зылъымытэнум гулъытэ хуэпщІу уэзрищІырщ! Руслан уигъасэркъым, уиущийркъым, атІэ угупсысэу урегъасэ.

Сыт хуэдэ литературэ инри къащти - мифологизированнэщ. Апхуэдэщ Ацкъаныи и усыгъэхэм ящыщ куэди! Феплъыт:

Дунеишхуэм пшэхэр
Тетщ хьэлэбложьу,
ЩІыр ягъэнщІрэ уэшхкІэ -
Щытхъу щІэмыпущІэжу.

Дэ тщІэр «цІыху хьэлэбложьщ», ауэ пшэхэри хьэлэбложь щыхъум деж абыхэм псэ «къаІуигъакІэр» езыр-езыру дунейм тет мэхъури, уэри уи фІэщ ещІ хьэлэбложьым «угъурлыжь» кьиззэрикІыр.

Мы тхыгъэм еджэм мыпхуэдэу жиІэнкІи мэхъу: «Мы ХьэІупэм жиІэмрэ Ацкъан Руслан илъэс 70 зэрырикъумрэ сыткІэ зэпха?» ИтІэсищэми мимми зыри кІыкІыу къыщІэкІынукъым зы дакъикъэм къигъэщыф зэшыгъуэм елъытауэ, ущыцІыхукІэ. Сэри, фэ фэщхьу, мы дунеижьым сыщыхэзашэм деж, Ацкъаным и усэхэм куэдрэ соджэ, соджэри, къэхъуу си фІэщ мэхъу Руслан псэхупІэ къезымыт зэшыгъэшхуэ зэрыбгъэдэлъри - сысейр изокъэкІри сызыщІогупсысыж, итІанэ жызоІэ: «Сыту си насып мыпхуэдэ усакІуэ си бзэкІэ гупсысэу къызбгъурытщ!»

Руслан, хъуэхъу бжесІэнути, хъуапсэу збгъэдэлъыр тхылъымпІэм къытемыщынкІэ согузавэ, апхуэдэу щыхъукІэ къанэр зыщ - мы дунеижьым зэшу щагъэшам къыдэкІуа усыгъэ нэсым уи псэр и кІуапІэщи, пкІэпльызодз си макъамэ-зэшыр, хэт ищІэн, ар зэштегъэу пхуэзыкъэкІэ хъунщ. Гарсиа Лоркэ зэрыжиІащи, зэшым къыкъэкІа усыгъэм нэхъ къабзэ щыІэкъым.

ХЬЭІУПЭ Джэбрэил

Сонетхэр

257

Уи щэхухэр сщІэну сызыгъэмей,
езым сысейхэр схуроку жьыр.
Уи деж сикІыжурэ сокІуэжыр,
дыгъуакІуэ сыщыІа нэхъей.

СыкъэщІегъэщыр си щхьэщ тхъуам,
зыщІызгъэпщкІу жэщым къызэпхьыпсу.
Уи дежкІэ неІэу къэна си псэр
гъэпщІакІуэ нэсым ещхь сфІэхъуащ.

СикІуэту унэм сыщІохьэж.
Сэ иджыпсту щІэзгъэпщкІур си нэр
хуэмыза гуэрым имыщІэну.

Гупсысэхэр къызэрохьэкІ.
Сымыщ Іэ сэ сыщІэмызагъэр,
си ныбжь дашыжьыртэкъым зауэм.

258

КъызэщІэрыуэ удзым щІыр егъэпщкІу,
щхъуантІагъэм сщегъэгъупщэ сэ фІыщІагъэр,
Къэсльытэжащи сыхуэмейуэ льагъуэ,
сыхэту удзым, гъуэгур согъэкІэщІ.

ЩІэху дыдэу, зэхимыхыу зым, мэщІэу
хэспІытІэ уздыр, зыкъыщиІэтыжкІэ.
СыпІащІэу сокІуэ, сыкъызэпльэкІыжкъым,
льэгущІыхь псэр къысхуэзыщІым сыхуэдэгущ.

Ешащ си льакъуэр, бауэкІэщІи сохъу,
къыхоузыкІ зэм зымкІэ, зэм адрейкІэ.
Гупсысэм си Іэзэгъуэр къысхурджэ,
ауэ зылъыхъуэр къэдкІэ нэхъ гъэмащІу.

Хэльщ си хущхъуэгъуэр зэхэзэтэ удзым.
Гур зэрымыпльэм къыхсгъахъуэ узым.

259

ПсыежэхитІ щызэхэльадзм деж,
зы хъужу я зэфІэкІыр, я гупсысэр,
жыг закъуэ щытщ, абы бзу закъуэ тесщ,
зигъэхъеям, къудамэр игъэсысу.

Зеущэхур жыгым, мэхъу и тхъэмпэр нэху,
фІэфІыжьщ и щыфэм бзур къызэрелуэр.
А гумызагъэр лъэтэжьынущ щІэх,
къэнанущ жыгыр мы дунейм и гъуэсу.

Абы игу щыщІэр зым имылъагъун,
акъужь къудейм зыкъригъэщІэнкъым зыкІи,
тетынщ нэпкъ задэм, епльых защІэу псымкІэ.

Ар псым щогугъыр зыкІэ: бжьыхьэ хъум,
пыщэщыжа и тхьэмпэхэр ихьынущ,
езым имылъэгъуаэкІэ ялъагъунущ...

260

СІыщІокІ гъэмахуэр, бжьыхьэм щыщ мэхъуэж,
гъуэжьыгъэм хуокІуэ сеплъуэр щхъуантІагъэр.
ЗыхъэсщІэу апхуэдизу мыр щытакъым,
иджы ар псэм щекІуэкІыу къысщохъуэж.

Нэхъ щІэщыгъуэжу, сощІэ, екІуэкІыщ
дунейм и фІыгъуэр зезыгъакІуэ бжьыхьэр.
И пшагъуэм хигъэгъащІэу тхъуа мы си щхьэр,
гуапагъэ схунгъэтІыгъуэу къыщІэкІынщ.

Аращ мы махуэр, сыт хуэйми фІэщ.
Зы щІыпІэ жьжьэ гуэр сыІэпхъуэ хуэдэщ.
Хэхауэ схужьІэнукъым къыслхуэтыр,
сигу зэрыныкъуэр зэми си псэм фІэфІщ.

Сигу пыкІкъым зыри, щызгъэІэнут псори.
Сэ схуэдэр гум къыщІитхъырщ зэрыпсэур.

Кинорежиссёр цІэрыІуэ Сокуров Александррэ Ацкъан Русланрэ. *2006 гъэ*

ХьэІупэ ДжэрэІилрэ Тут Зауррэ къыхуеблэгъащ.

2-3-нэ напэкІуэцІхэр НАФІЭДЗ Мухьэмэд игъэхьэзыращ.

АЦКЪАН Руслан

* * *

Уи адэ-анэр пщхьэщымытыжым,
уохъур къэрабгъэ, сыт уэ уи ныбжьми.

Къыщохъур хьэуэ хъуар кьодзэкъэну,
зызыгъэпс щыблэр уэ къыптехуэну.

Пщхьэщымытыжмэ уи адэ-анэр,
гупсысэр уафэм щыІэу укъонэ.

Жьыр щызэпехур уэ уи щхьэщыгум,
дэнэ къикІ зэшри щохьэщІэ уи гум.

Уи адэ-анэр пщхьэщымытыжым,
дуней гъэфІанхэм уэ уахэтыжкъым.

«Зеиншэ къабзэщ», - жеІэ адыгэм.
Къысфіощі а псалъэм дэужьхьэу дыгъэр.

ЖЬЫНДУ

Жэщкіэ фіэкі къытемыхьэ дунейм,
ирехьэкІыр и гъащІэр зигъэпщкІуу.
Согупсыс абы и псэр зыхуэйм
щыІэбзыщІыжри си щхьэм кьигъэпщІу.

Сыт жэщ кІыфІым хилъагъуэр абы
е, имыщІэу езэш, къыщилъыхъуэр?
Ар нэсауэ кІыфІыгъэм и бынщ,
сэ сопсэу и къаруркІэ нэхутэм.

Сыт хильагъуэр, зыхищІэри сыт
а бзу щынкъэм, къыщищкІэ нэхулъэ?
А дакьикъэхэм сщІэжьркъэ сэ
къыщекІуэкІыр си лъынтхуэхэм, си лъым.

Жэщкіэ фіэкі къытемыхьэ дунейм.
Зегупсысыр ар сщІэну сыхуейщ.
Зэм къысфІощІ езыр кьиплъэу си гущІэм,
дэнэ щІыпІэкІэ къиплъми сымыщІэу.

Ар зыхэсщІэну - щыфэр мэтхытх,
мэлыд и нэр зэм дэпу, зэм мылу.
Языныкъуэм си махуэр еух
кьыхэсщэным ар нэхум сыпылъу.

Си фІэщ сщІыну Іэмал сымыгъуэт
ар хэмыту кІуэн хуейуэ зы махуэ.
КъэсщІынуи щІэнщэу сыхэтщ,
абы и псэр зыхэлъыр и щхэрщ.

ЩІАЛЭГЪУЭ

Сыкъыщоуш зыщІыпІэ жэщу.
Щыізгъэщыр нэху къыкхуэмыщІэжу,
кІыфІыгъэм сэ сыпході ЭуКІ,
арщхьэкІэ си гур кьогуфыкІ -
хэт къызжиІэн ар къызыхэкІыр.
Нэр зэтеспІэжмэ, си нэгу щокІ
щІыхьэпІэ нэхум и кІэухыр,
сфІэфщ ар екІуэкІмэ тІэкІу нэхъ кІыхьу.
Иужькіэ къокіуэ дыгъэ бзийр,
кьыпхокІыр абджым зы щымыхъуу.
Дыгъэр къыхуопс жьыпІэнщ сэ зым,
сигъэпсэну езым щІыгъуэ.
Нэбэнэшэу согупсыс
зэрыхъуэм гугъэр си бгъэм щыз.
Зэхэсхэ сэ и макъ мафІэгум,
е кьеуэу ара дунейм и гур?..
Сэ сежьэжьыну сыпІэщІэнкъым,
гъуэгур зыщІыпІи мыкІуэжьну.
Сыхуейщ, сымыщІэу сыздэщыІэр,
иджыри тІэкІурэ секІуэжьыну.

* * *

И гъащІэ закъуэм щыхьыжьфыр
щымащІэ сыту дунежьым.
Ар зылъагъу щІым мэтхытх и щІыфэр,
хикъуэзу и бгъэм ди лъэужьхэр.

Псэхугъуэ гуэр мы уафэ щІагъым
ар щытхуолъыхъуэ зэпымычу.
Дэ дыпожажьэ уафэгъуагъуэм,
дымыпсэуф Іэжьэкъу идмычу.

Борэнырщ ди гур зыгъэтІысыр,
арщ ди щІэщыгъуэ къызызыхьыр,
зэшыгъуэм къыдэкІуа ди узыр
тщигъэгъущэм зыхуэзфІэкІыр.

Абы щыхупІэр хапльагъукъым,
арщхьэкІэ ари тщогъупщэжыр.
Мы дунеижь кьенэрэхъуэкІым
дыздихьым докІуэ, зыдмыщІэжу.

ТхыгъэщІэхэр

Ар идохьэкІ, зекІуэхукІэ ди лъыр,
аращ ди гъащІэ закъуэ хъужыр.
Псэ тхэмытыжу дыщытелъми
дыдалъуэу жыжьэ къыпщыхъунущ...

* * *

Щыблэр мыуэу цІхьэщыкІащ си унэм,
сыкІалъопльэ пшэ фІыщІэм, фІыщІэ хуэсщІу.
Къуэрылъхъу цІыкІур джэгуу исщ си куэщІым,
щыблэр уам - кІыщтэнкІэ хъунут шынэ.

Къожеихь сабийр си Іэпльэм щохуу,
и бауэкІэм ещхьу си лъыр зокІуэ.
Сыхольэт, зэхэсхмэ зы цырхъ закъуэ,
уафэмкІэ содалуэ сэ щІэх-щІэхыу.

Нобэ мы дунейр зэрыпІейтейми,
щхьэусыгъуэншэу цІыхур зэрыщыкІми
зыри Іэфіу жей сабийм хищІыкІкъым.
ФІощІ абы щымыІэу сэ кьыстекІуэ.

Ар иджыкІэщ. Зэгуэр ильагъунущ
сэ сызэрыщІыкІур, псоми хуэдэу,
сэри си лъым шынэр зэрыхэтыр.
СщІэркъым ахэр къызэрыщІыхъунур.

Щыблэр мыуэу цІхьэщыкІащ си унэм,
жьыжьэ дыдэу уэшх щрекъутыхьыр.
Къуэрылъхъу цІыкІум щІокІ и нэгу щІыхь
дахэ,
сэ согупсысыр ар зэрыпсэунум...

* * *

Ехухыр махуэр, дыгъэр, кІухьэжащ,
сурэт хищІыхъри пшэхэм пльыжьрэ
пльыжьщ.
СыдэІэбейуэ ар къэсщтэн кьысфІощІ,
нужькІэ хуэсщІыжыну дыгъэм фІыщІэ.

И тыгъэр дыгъэм бгъэм ескъузыІэнт,
есщэхьу уафэм и мэ абы щыур.
Гупсысэ кІыхь жэщ ныкъуэм
къысхуэкІуэнт,
ар щІыхьым хуэкІуэжынт щІэдджьжьым
жьыуэ.

ИтІанэ дыгъэр сэ къысщхьэщыхьэнт
гуфІэжу, хуэдэ мыкІуэхха зыщІыпІэ,
и бзийр лъым зэрыхьыхэр зыхэсщІэнт.
Аракъэ хъужыр гъащІэм и Іэфыпіэ.

КьызыфіэбгъэщІыр уи фІэщ щыхъуж
ныбжьщ
сэ нобэ сызэрытыр, ауэ дыгъэм
сурэтыр зыхуищІахэми сащыщщ.
А зыри гурыфІыгъуэу пхуригъэнкъэ...

* * *

Сыарэзыкъым сэ зэманым ищІэмкІэ!
сызэпльэкІыху си гъащІэр игъэсащ.
ЗыгъэгъуэнщІри гугъэ гъущэкІэ,
ауэ пасэІуэу жьыгъэр гъуэ схуещІ.

Къызгурыуащ гъэзэж зэрыщымыІэри,
къэкІуэнури зы хамэ гуэрым ещхьщ.
ИтІани си симыІэм нобэ сиІэкъэ,
кьихьакІэщ ар, дэпльэйт, нэхулъэ кьещІ.

Куэд мыщІэу узэгум кІнувэнущ дыгъэри,
емыщхьу ящэм ар сэ кьысщыхьэнщ.
Сщигъэгъупщэжу си гум телъ уІэгъэхэр
си анэм и гупагъэр дэслъэгъунщ.

Къызэщикъуэжу бэнйхэр ар щыкъухьэкІэ,
зэшыгъуэ щэхум гур пикъузыкІынщ.
Емыплъу жэщ зэрыхъуэм, Іуэху
пІащІэгъуэкІэ
ежьа си адэр си нэгу щІэкІыжынщ.

А псор кьинэнущ си нэджьджьым, сощІэ сэ,
сыпсэуми, сымыпсэуми - кьинэнщ.
Сыарэзыкъым сэ зэманым ищІэмкІэ!
Ар фІыуэ щІэсльагъунри гъунэжщ...

* * *

Нобэм къэсихукІэ гу лъызмытами,
къысхуатхъыхьакІэт сыздэкІуэ хъунур.
Нысщхьэщолъэтыр зытетыр дамэ,
щыІэ и гугъэщи уафэ гъунэ.

БлокІ пшэ гуэрэнхэр, ешмэ къэувыІэу,
ахэм щІым и мэ ящыу кьысфІощІыр.
Вагъуэм и щІыбым къыдопльыр вагъуэ,
адэкІэ щыІэм ущІэмыупщІэ.

ЩІыр гъунэгъуІуэщ, уафэр жьыжьэуащ,
си псэр ящыщщ а тІур зэпызыщІэм.
Сыздэпльэщынур дэнэ, жызоІэ,
гъунэ щимыІэкІэ дунежьым.

Сыт гъуэгурыкІуэу дэбгъуэнт си гъащІэм,
къыхьымысатэм зэпекъуу си гур.
Сэ зэрысщІэжрэ сопсэу, кьысфІэщІу
сыкъыщыпнану, жьыжьэІуэ сыкІуэм.

Сыпожьэ къакІуэм, сохъуапсэ блэкІым,
сыкъыщамыщІи кьыхэкІмэ куэдрэ.
Жэщымрэ ящыгъуэм я гум дэкІыу
скІэщІаш псэхугъуэр зы гугъэ гуэрхэм...

КЪЫСКІЭЛЪЫСЫЖА УСЭ

Куэбжэм нэскІэ дэлъыр
зы лъэбакъуэ закъуащ.
СыдэкІынщи щІантІэм
сытекъэнщ лъэс льагъуэм.

Махуэ псом сыкІуаэ
жэщри кьыдэзгъакІуэм,
кьэсльагъунщ нэху жьыжьэ
кьакІуэу нэкІуэпакІуэу.

Нэху со кьыстещхьэнущ
Іуащхьэ гуэр сыдэкІыу,
кьэзгъаиэ лъэужьым
уэсэпсыр епщІэкІыу.

Сыкъепльыхьмэ Іуащхьэм,
слъагъужынщ си гъащІэр,
симыкІыу си лъахэм
кьэзгъэщІа зымащІэр.

Иджы зэхьэзохыр
жьыжьэ кІынкІ макъ ІэджэІ,
ящІу зэхэзехуэ
си лъыр, си гукъэкІхэр.

ГъащІэр здэкІуэм кІуэнущ,
сэри сигъэущу.
СфІэкІуэдынщ зыгуэрхэр,
кьэзгъэтынщ нэгъуэщІхэр.

Куэдрэ сыпсэуну?
МащІэ кьэзгъащІэнур?
Кьыспэщылъыр сщІамэ,
Іуэху ин кьесхьэжьэнут.

Гъуэгу кІыхь кьызэнэкІрэ
кьабзэу сучымэм си псэр,
унэм сыкъэкІуэжу
зыхэсщІэнщ насыпыр...

* * *

Сэ гуапагъэрщ нэхъыбэу сщІэжыр,
жьы дэхупІэу сиІэр аращ.
Ауэ мыри куэдрэ кьоКІуэжри,
щыхъь имыщІэу, си гур хегъэщІ.

ЗэрымыщІэкІэ сщІат уи жагъуэ.
Абы лъандэрэ Іэджи щІащ.
Илъэс Іэджэм пхыхса къуаншагъэр
мы си жьыгъэм бжьыгъэу кьыхсощ.

Хэмыгъуащэу, пхуэмыгъэщІкІуну
сыпсэуху ар гъащІэм хэтынщ.
Уэу дяпэкІэ кьыслухуэкІуэнум
мис абыкІэ сыкъагъуэтынщ...

* * *

СиІащ сэ зы цІыхугъэ
цІыхуфІрэ цІыхуфІу.
Кьалъхуат гушыІэр щІыгъуу,
и Іупэм тесу гуфІэр.

Псэуащ, дигъэдыхьэшхрэ
езыр мыдыхьэшхыжу,
кьынтегушІамэ зэпыр,
ар занщІэу дигу кьэкІыжу.

Ар лІащ гушыІэ махуэм,
кьыддэгушыІэ хуэдэ.
Кьешхащ жэщ хъуху уэпхышхуэ
дыхьэпхъ макъ щабэ щІэту.

ДокІуэкІ абы дылъыхъуэу,
ар зэми псэу кьытщыхъуу.
ЩІытащ ар си цІыхугъэу,
ауэ ефІэкІт ныбжьэгъуэ.

Иджы нэщхьей сохъу куэдрэ,
кьысщохъу сихьыну зэпым,
дыхьэпхъ макъ щабэ щІэту
къемышхъу щытмэ уэпхьэ...

● Шхыныгъуэхэр

Тхьэкіумэкіыхьыл гъэбэкхъа

Тхьэкіумэкіыхьыл гъэкъэбзар Іыхьэ-Іыхьэуэрэ зэпауд, псы щыІэкІэ ятхьэщі, бжьыныхху, шыгъу, шыбжий халъхьэ, фІыуэ зэІащІэ. Итіанэ лы Іыхьэхэр тхъу къэплъэ зэрыт тебэм иралъхьэри, лъэныкъуитІымкІи тхъуэплъ хъуху ягьажьэ. Тебэм кърахьжри, шыуаным иралъхьэ, абы халъхьэ Іупщіэ инурэ упщІэта бжьыныщхьэ, псывз щІакІэ. И щхьэр трапІэри, зэ къытрагъэкъуалъэ, мафІэр щыкІу ящІри, дакъикъи 10-15 хуэдизкІэ ягъавэ. Абы иужькІэ лым шатэ щІакІэ, бжьныхху, шыгъу халъхьэ, зэІащІэри шыуаныщхьэр тепІауэ хьэзыр хъуху, дакъикъэ зытхухкІэ, ягъэбэкхъ. Шыуанр хьэкум къытрахыж, джэдгын траудэри, шыуаныщхьэр тепІауэ дакъикъи 4-5-кІэ щагъэт. ЗэрызэщІэлъу, пщтыру Іэнэм трагъэувэ. Дашх пІастэ, мырамысэ, чыржын, мэжаджэ.

Халъхьэхэр (зы щІыху Іыхьэ): тхьэкІумэкІыхьылу - грамм 300, лэпсу е псывзу - грамм 25-рэ, шатэу - грамм 50, бжьыныщхьэу - грамми 100, бжьыныху укъэбзауэ - грамм 15, тхъууэ - грамми 100, шыгъуу, шыбжийуу, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

КІапэ жьахуэ, фо хэлъу

Мы шхыныгъуэр щІыІэ узымкІэ сэбэпщ. Мэл кІапэр тыкъыр цІыкІуурэ зэпаупщІ, псы щІыІэ тІэкІу щІакІэ, шыуаным иралъхьэри, мафІэ мыиным тету, бэлагъкІэ зэІащІэурэ, гъуэжьыфэ къытеуэху, ягъажьэ. Итіанэ щэ ткІуар къэщІагъэж, жьахуэр трагъэувэжри, тхъуэплъ дахэ хъуху трагъэт. ИужькІэ шыуаныр мафІэм къытрахыжри, зэІащІэурэ фо хакІэ. ТІэкІу ягъэупщІыу, кхъуэщыным иракІэ, и щхьэр трапІэри, щІыІапІэм ягъэув. Мыр бжьыхьэм ягъэтІылъ, гъатхэ шхын ящІыну. Мырамысэ, щІакхъуэ, пІастэ докІу.

Халъхьэхэр: кІапэ жьахуэу - грамми 110-рэ, фоуэ - грамми 110-рэ, псы щІыІэу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьылъым къитхьажащ.

● Тхэквондо



Бэлахъуэ Елдар и гъэсэнхэр къыхожанымкІ

Краснодар крайм иджыблагъэ щекІуэкІащ щІыналъэм тхэквондомкІэ и зэхьэзэхуэ зэІуха. Абы хэтащ къэралым и щІыпІэ куэдым къикІа ныбжьыщІэ куэд. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ гупыр зэпеуэм хуигъэхьэзыращ тренер Бэлахъуэ Елдар.

Сытым дежи хуэдэу, Бэлахъуэм и гъэсэнхэм текІуахэмрэ къыхэжаныкІахэмрэ куэду къахэкІащ. Абыхэм къахьащ дыщэ медалу 10, дыжьыну 2-рэ жэзу 3-рэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Цыхушхуэхэм я гупсысэхэр

Уигу ирихь Іуэхуращ зыззэбгъэсэфынур

♦ Щхьэц налъэ я нэхъ псыгъуэми ныбжь едз.
♦Зи Іэщіагъэм хуэІэзэ щІыхр къыззэрыпщІэр ищІэн хуейм и ГъунапкъэР къыззэрихутэфырщ.
♦Сабэпынагъ гуэр къуымыхьу упсэуныр игъуэ нэмысу дунейм уехьжыныбм хуэдэщ.
♦Уигу ирихь Іуэхуращ зыззэбгъэсэфынур.
♦ЩІыуэпсым щыІэ псоми я нэхъыфІыр гъащІэращ.
♦Хахуагъэм зыхуагъасэркъым икІи Іэщыіб ящІыфыркъым.
♦ЦІыхум щахэтым и дежщ цІыхум зыщицІыхужыр.
♦ГъащІэр хьэхущ, зы медан хуэдиз фІэкІа мыхъуми.
♦Гъуэзджэр псалъэкІэ къыпхуэмыІуатэхэр къэзыгъэлъагъуэ гуэрщ.
♦Дэтхэнэми лІыгъэ къыкъуэкІыну ищІэркъым, ар къыщигъэсэбэпын щІыпІэ имыхуауэ.
♦Куэдрэ гупсысэм хэкІыпІэфІ къыхуэгъуэтыркъым.
♦Куэдым щыгъуаззм зэманыр зэрыкІуэр нэхъ къохьэлъэкІ.
♦ЩІэныгъэ зэбгъэгъуэткІэ мыхьэнэ иІэкъым, ар къыщыбгъэсэбэпынур умыубзыхуфмэ.
♦Сытым дежи лІыхъужьу ущытыфынукъым, ауэ цІыхуу укъэнэжьыфынущ.
♦ЦІыхухэм яПычтэр къахуэсэбэпынуращ.
♦ЩІэджыкІакІуэ мелуан иІэну зимыгугъэм зы сатыри имытхми хъунущ.

ГЁТЕ Иоганн Вольфганг.

● Ар пэжщ

ЦІыху гурыхуэхэр

Франджым щыщ Гаон Элия апхэдизкІэ гурыхуэти, зэ фІэкІа къемыджэу тхьылъыр гукІэ зриГъащІэрт. Абы том 2500-рэ и гум ириубыдэфат, икІи куэдрэ мыгупсысу, узыхуей дыдэ тхьылъым и сыт хуэдэ Іыхьэми гукІэ къыпхуеджэнут.

* * *

Къэжэрхэм я пщу щыта Кир и дзэм хэт сэлэт псоми я цІэхэр ищІэрт.

* * *

Алыдж къэрал лэжьакІуэшхуэ Фемистоклэ Афинхэм щыпсэу цІыху мин 20-м я цІэхэр зэхигъэгъуащэртэкъым.

* * *

Гамбетти къызэрымыкІуэу гуры хуэт. Абы Іюго Викторрэ Оссианрэ я ІэдакъэщІэкІхэр гукІэ ищІэрти, зы псалъэ зэмыхъуэкІауэ къеджэфырт.

ДЭХЪУШОКЪУЭ Синэ.

● ПщІэну щхьэпэщ

Прунжым и фІэщыгъэхэр

Прунжым лъэпкъ зэхуэмыдэхэм ирата фІэщыгъэхэр щыуэ зэрыгуэшар гъэщІэгъуэнщ.

ЩІэныгъэлІхэм зэратхымкІэ, прунжыр цІыхухэм, лъэпкъхэм къаззэрыІэрыхьэу щытар Индием, Китайм, Къэжэрым къикІ гъуэгуэкмкІэт икІи а гъуэгуанэхэр сыт щыгъуи зэпэщхьэхуэт. Абы елытагъэнкІэ мэхъу прунж къэзыгъэкІыу щыта, щымыта лъэпкъхэм абы фІащахэр зэрызэщхьэщыкІыр. Мис прунжым бзэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ иІэ цІэхэр:

Ялэ гупыр

Алыдж - ризо
Болгар - ориз
Венгр - риз
Герман - райс
Инджылыз - райз
Латин - ориза
Польшэ - риз
Румын - орез
Урыс - рис
Хьэрыл - рыз
Цыджан - резо, хорезо
Чех - ризе

ЕтІуанэ гупыр

Абаз - прундж
Адыгэ - прунж, прундж, пындж
Абхъаз - прындж
Осетин - пырындз
Ермэлы - бриндз
Куржы - биринджи
Къэрэшей-балъкъэр - принч
Лак - пириндж
Таджик - прунч
Узбек - грунч
Тырку - пиринч

Ещанэ гупыр

Азербайджан - дугы
Къумыкъу -дугу
Лезгин - дюгы
Нэгъуей (Дагъыстан) - дугы
Шэшэн - дугы

ХЬЭКЪУН Барэсбий.

● Гупсысэр - псалъэкІэ

Си бзэм сопсалъэ!

Бзэр - псэм и мылъку гъэтІылъыпІэщ, лІэщыгъуэ куэдкІэ цІыхум зэхуихьэсам и хъумапІэщ. Хьэуэ, ар ахъшэкъым, мывэ лъапІэкъым. Абы и лъапІэныгъэр нэгъуэщІщ: макъамэу зэхэпх псалъэхэрщ, уэрэду къэІу псалъэ пычыгъуэхэрщ. Лъагъуныгъэм, ныбжьэгъуэм, губжьым я псалъэхэрщ. ЩІэныгъэм, щэнхабзэм я псалъэхэрщ. Абы нэмыщІу, Іущыгъэ ин зыщІэлъ жьІэгъуэхэрщ, псалъэжьхэрщ, пэж куэд къэзыІуатэ гушыІэ хъыбархэрщ. АдэкІэ къеббжэкІмэ, уи гум хьихьэ усэхэрщ, уэрэдхэрщ, тхьилъ Іущхэрщ. Ар псори бзэм и мылъкущ.

ХамэщІ щыпсэу цІыхум и дежкІэ сыту гуфІэгъуэшхуэ и анэдэлъхубзэр зэхихыныр! Зы анэбзэ псалъэм и къару ильщ угъэхьужыну, уи гур къиІэтыну, уи гъащІэм гуфІэгъуэ къыхихьэну.

Бзэ, сыту куэд пхузэфІэкІрэ! Уи мыцІыхугъэр ныбжьэгъу бощІыф, цІыхухэр зэкъуБогъэувэф, лъэпкъым къару ин хыболъхьэ. Ауэ, махуэ къэс бзэр къагъэсэбэпми, къэрэгъэ къохьу цІыхум абы хуэфащэ пщІэ щыхуимыщІ. Хамэбзэм къыхэкІа псалъэ куэдкІэ бзэр якудэ. Абы къыдэкІуу, лъэпкъым и мылъку хъумапІэм хадэ уасэшхуэ зиІэ, Іэщщыгъуэ мымащІэ зи ныбжь Іущыгъэхэр. И нэхъыбэм цІыхум и бзэр игъэлъэпІэн щыщІидзэр хамэщІ щихуэм дежщ.

Къытеуэу, уи щІыгур зыуБыдахэр хэкум къыщицІыхьэкІэ, япэрауэ, бзэр ягъэкІуэдыным и ужь йохьэ. Сыт щхьэкІэ? Бзэр щымыІэмэ, лъэпкъри щыІэкъым. Нэхъ псалъэу иІэр трахри, и щыгум хамэр тепщэ щохьу. Бзэр зыфІэкІуэда лъэпкъымрэ псэншэ, лъапсэншэ цІыхумрэ зэщхьщ. Апхуэдэ цІыхум лъапІэныгъэ иІэкъым, ар зыми епхакъым.

Бзэншэ лъэпкъыр щІэщІыкІ зимыІэ зиныІэ ещхьщ. ЖьыбгъэБ къепщамэ, унэр зэтощащэ. ЦІыхуэрэ апхуэдабзэщ - зэбгрощэщ. Анэдэлъхубзэ! Лъэпкъым урипсэщ Уэ! ИгъащІэкІи дунейм утетын, лІэщыгъуэхэм уапхыкІын папщІэ, утхъумэнущ, ди бзэ дыщэ!

КЪЭБАРДЭ Дисэ.

Псалъэзэблэдз

14. Адыгэ таурыхъхэм зэрыхэтымкІэ, псэущхьэ хьиІэшы. **16**. ЩыгъынІ. **17**. Гъатхэм пасэу ди щІыпІэм къэлъэтэж къуалэбзу. **18**. Адыгэ къуажэшхуэ. **19**. Шы тхъуэплъ, и кІэмрэ и сокумрэ фІыцІэу. **21**. ... нэхърэ лъэпхъуэмбыщІэ. **24**. ЦІыхубзхэм къыздрахьэкІ хьэпшып цІыкІу. **25**. Гъэмахуэм Іэщым я фэр изых бадзэжь. **29**. Ди республикэм щыІэ псыежэх. **30**. Нышым щыщ Іыхьэ: гуфІэгъуэ Іэнэм бгъэдэс нэхъыжьхэм я пащхьэ тралъхьэ. **34**. Кхъухьыр къэвыІа нэужь, и пІэм имыкІын папщІэ, а гъущІыр псым хадзэ. **35**. АпхуэдизкІэ псэ махэщи, ... къытелъэмэ, и шхупэр йопкІ. **38**. ЩІалэ зэкІуж, уардэ. **39**. Мэзым щыпсэу хьэкІэжьхуэзкІэ цІыкІу. **40**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и профсоюзхэм я Іэтащхьэу илъэс куэдкІэ щыта ... Пщыкъан. **41**. Нарт фызыжь Уэрсэрыжь и фІыгъэкІэ Лъэпщ ищІа Іэмэпсымэ. **43**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ художник ... Анатолэ. **44**. Дзыгъэуэ и бий кІэуфІыцІ, псэущхьэ дахэ цІыкІу.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мэлыжьыхьым и 13-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1**. Щомыщ. **6**. Гумкъалэ. **7**. Уэрдыхъу. **9**. Инат. **11**. Хамэ. **12**. Уардэ. **13**. Кхъужь. **14**. Щэ. **15**. Ныш. **16**. ЦІыв. **17**. Мэкъу. **21**.Сарыкъ. **22**. Хьэсэгъу. **24**. Пхъужь. **25**. Бру. **26**. Гъунэ. **27**. Бу. **31**. Бо. **33**. Унагъуэ. **35**. Анэл. **36**. Урым. **37**. Уэршэр. **38**. Башлтъыкъ. **40**. Бзыгъэ.

Къехьу: **1**. ЩЫхьэрыуэ. **2**. Мы. **3**. Щауэкъуэт. **4**. Емынэжь. **5**. Чыщмыщ. **8**. Хъарбыз. **10**. Тхъу. **11**. Хы. **15**. «Насып». **18**. Къуэгъуэр. **19**. Къыл. **20**. Шэд. **23**. Архъуанэ. **28**. Уэнщэку. **29**. Мухьэрэб. **30**. НэщІэбжьэ. **31**. Бжьхьым. **32**. Къул. **34**. Ду. **39**. Шы.

ЕкІуэкІыу: **3**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **6**. Унэ щащІкІэ къагъэсэбэп пхъэхэкІ. **8**. Мэлищэ щІакъуэншэ ... **9**. Ялэ адыгэ узэщІакІуэхэм, щІэныгъэлІхэм ящыщщ. Абы и цІэр зэрехьэ Налшык и къалэкуэм хуэзэ уэрэмым. **11**. Сэхуран купщІэм къыхэщІыкІа Іэфы кІэ. Е Налшык дэт ... завод. **13**. Дыщэм и зы пльыфэ. **14**. Іуэм къиІукІащ танэ мэжэлАм и ... макъ. **15**. Адыгэ къэфэкІэ. **17**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, ар къэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **20**. ЕуэкІыпІэ. **22**. Илъэс 40-60 хуэдэ ипэкІэ къуажэ унагъуэхэм я лъапсэр абыкІэ къауХьуреихьу щытащ. **23**. Нартыху ... гъэвар Іэфщ. **26**. Псы Іуфэ мывалъэ-пшахъуалъэ. **27**. Таурыхъхэм узыщихьэлІэ псэущхьэ шынагъуэ, щхьэ зыбжанэ фІэту. **28**. ... зэхэдзэ нэхърэ - акъыл зэхэдзэ. **31**. Бжэгъу кІыхь, кьурагъ гъум. **32**. ЛІэщІыгъуэ кІуам и футболист нэхъ цІэрыІуэ дыдэ, нэгъуэщІхэм я гъэзэ топу 1281-рэ дзэвгъэкІа. Къэрал командэ кІыхьэм хэту дуней псом и чемпион щэнейрэ хуауэ а зырщ щыІэр. **33**. ГуфІэгъуэ Іэнэм щыжаІэ псалъэ дыгъэлхэр. **35**. ... зэуар аркъэншэ щощтэ. **36**. ПІастапхъэ. **37**. Къуэш ... нэхърэ - ныбжьэгъуфІ. **38**. Мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъу пшынауэ Іэзэ, гъэсакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ артист. **40**. Члисэхэм фІэлъ уэзджынэшхуэ. **42**. Узижагъуэм и нэм ... ущІоуэ. **45**. ПхъэІэщэм щыщу щы щхьэфэр зэзыгъэздзэкІыр. **46**. Къэгубжьауэ нэгъуэщІ унагъуэ телъадэм апхуэдэу йоджэ. **47**. Зи тхьэмпэхэр ин, псэуалъапхъэ къызыхах, щыкІэпшынэ къызыхащІыкІ жыг лІэужьыгъуэ.

Къехьу: 1. ... лъакъуэ щІэткъым. **2**. ... жьгъей. **3**. Атэлыкъым и гъэсэн щІалэ цІыкІу. **4**. ...-гурыщІэ. **5**. Мыщэм фІэбэлацэ хьэкІэкхъуэкІэ. **7**. Акъылым уасэ иІэкъым, гъэсэныгъэм ... иІэкъым. **10**. Хадэм, Іуэм, губгъуэм зэрилэжьыхь Іэмэпсымэ. **12**. Шыуаныхьуэ. **14**. Щэщ. **15**. Ныш. **16**. ЦІыв. **17**. Мэкъу. **21**.Сарыкъ. **22**. Хьэсэгъу. **24**. Пхъужь. **25**. Бру. **26**. Гъунэ. **27**. Бу. **31**. Бо. **33**. Унагъуэ. **35**. Анэл. **36**. Урым. **37**. Уэршэр. **38**. Башлтъыкъ. **40**. Бзыгъэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ещанэ хэхыгъуэм и депутату щыта **Тхьэльджокъуэ Сэфарбий Лиуан и къуэр** зэрылІам къыхэкІыу абы и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

● Си хъуреягъкІэ

Хабзэр убзэкъым

Чэрим сэ лэжьапІэ къыСхуигъуэтат - сишэри сыІуигъэуват езым и Іэмыщ1э къралъхьа лэжьапІэм. Ар Іуэхутхьэбзэт, зэрыгурыуэгъуэщи.

Сэри, абы и щІыхуэ къызытезмынэну си нету, сыщызеуэрт и хъуреягъым. АрщхьэкІэ, а хуэсщІэр абы убзэу къыщыхъурт. Сэ ар къыщызгурыІуэм - пысчащ.

Хабзэр убзэу зылъытэр и щхьэм и бижщ - хуэпщІэнум зыхегъэкІыж.

* * *

«ПІэныгъэр гъащІэм и пэм ирамыгъэувэу и кІэм щІахьар абы зыхуобгъэхьэзырын щхьэкІэщ» - жызыІар (Прутков Козьма) сыту куууэ гупсысат.

Ауэ, бетэмал, ар дэ зыщыдогъэгъупщэ.

* * *

Махуэ уэфІ дахэщ. ЖьауанІэм сыщІэсу соплъ ауэ щыт жыгым дэпщейм. Ар япэ щыкІэ мэІэбэри, и щыгум лъагэу къит къудамэм зыкІэрещІэ. ЗыкІэрещІэ и щыфэм хуэдэу зигури пІанэу къыпфІэщІ къудамэ быдэм, къэзыІыгъыкІ къыпфІэщІым. Зэрыщыгугъауи къыхущІокІ къудамэр - къиІыгъщ. Къеубыдпэ. ИтІанэ Іэплъ ирешэкІ. Іэплъ іиришэкІауэ а зэрИыгъыурэ щхьэщокІ. ЗеІэт ищхьэкІи, аргуэру адэкІэ мэІэбэ... А Іэплъ зришэкІауэ щытам лъакъуэкІэ тоувэжри.

Ныбжьэгъу, уэ нобэ Іэплъ къозышэкІхэм дапщэ яхэту пІэрэ пщэдей лъакъуэкІэ къыптемыувэжыну?!

ХЬЭХ Сэфарбий.

● ПщІэну щхьэпэщ

Прунжым и фІэщыгъэхэр

Прунжым лъэпкъ зэхуэмыдэхэм ирата фІэщыгъэхэр щыуэ зэрыгуэшар гъэщІэгъэнщ.

ЩІэныгъэлІхэм зэратхымкІэ, прунжыр цІыхухэм, лъэпкъхэм къаззэрыІэрыхьэу щытар Индием, Китайм, Къэжэрым къикІ гъуэгуэкмкІэт икІи а гъуэгуанэхэр сыт щыгъуи зэпэщхьэхуэт. Абы елытагъэнкІэ мэхъу прунж къэзыгъэкІыу щыта, щымыта лъэпкъхэм абы фІащахэр зэрызэщхьэщыкІыр. Мис прунжым бзэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ иІэ цІэхэр:

Ялэ гупыр

Алыдж - ризо
Болгар - ориз
Венгр - риз
Герман - райс
Инджылыз - райз
Латин - ориза
Польшэ - риз
Румын - орез
Урыс - рис
Хьэрыл - рыз
Цыджан - резо, хорезо
Чех - ризе

ЕтІуанэ гупыр

Абаз - прундж
Адыгэ - прунж, прундж, пындж
Абхъаз - прындж
Осетин - пырындз
Ермэлы - бриндз
Куржы - биринджи
Къэрэшей-балъкъэр - принч
Лак - пириндж
Таджик - прунч
Узбек - грунч
Тырку - пиринч

Ещанэ гупыр

Азербайджан - дугы
Къумыкъу -дугу
Лезгин - дюгы
Нэгъуей (Дагъыстан) - дугы
Шэшэн - дугы

ХЬЭКЪУН Барэсбий.

● ЗэвгъащІэ

Псалъэ шэрыуэхэр

МылІэр лІы мэхъу.

Цыху хъуащ, хуэфащэ увыІэпІэ игъуэтащ; балигъ хъуащ - жыхуиІэщ. ЦІыхум иІэ хъуа зэфІэкІыр гуапэ щащыхъум дежкІэ къапсэлъ хабзэщ.

Мыщафэ Іэрымылъхьэм гуащэр щымыгъэгуфІ.

ПхузэфІэмыкІар плъэкІауэ умыбж. Ипэ илъадэу куэд зи щхьэм тезылъхьэм хуэгъэза чэнджэщщ.

ПащІэм къимыхьыр жьакІэм къихьыжыркъым.

УщыщІалэм къыпхуэмылэжьар уи жьыщхьэ пхупъэкІыжьынкъым.

Пэ зиІэм кІэи иІэщ.

ЖьаІар е нэгъуэщІ зыгуэрыр ирикъуну, абдежым щыухын хуейуэ къыщалъытэм деж къапсэлъ хабзэщ.

Псым итхьэлэр шхийм йопхъуэ.

ХэкІыпІэншагъэ къихутар къезыгъэлыну, къызэтезынэну къыдІэщІу, иужьрей дыдэ гугъапІэу йожалІэ сэбэп къызэрыхуэмыхуфынур нэрылъагъуу щыт Іэмалми.

Псым къудамэ теткъым.

«ІэубыдыпІэнэшэщ» жыхуиІэщ. Псым ущыбэлэрыгъэ зэрымыхъунур къагъэкІыу къапсэлъ.

ЩАУЭ Къэлидар.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьакІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, ПэщІэныджэ Замирэ, Къумахуэ Астъэн, Чэрим Марианнэ, Щхьэцэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ игъэтхащ (учредителхэр).

КыдзэыгъэкІэзмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущапхэхэм ядэлажьэнымкІэ - 42-60-53; зэмышІагъэмрэ щІыуэныр хъумэнымкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хутыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапхэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдокІыгъуэм елэжьахэц: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщкІ Соня,** *редактору* **ЖьакІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Иэрокъуэ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дзЭныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.205 ● Заказ №343